



Liv 1

Sa W Dwe Konnen
Sou Dwa W ak Responsabilite W

Lè W ap Aplike Pou Benefis yo oswa Lè W ap Resevwa Benefis yo

Si ou avèg oswa ou gen pwoblèm vizyon grav e ou bezwen yon aplikasyon oswa eksplikasyon sa yo nan yon lòt fòma, ou ka mande yo nan distri sèvis sosyal ou. Lòt fòma ki annapre la yo disponib:

- Gwo karaktè;
- Fòma done (yon fichye elektwonik lektè-ekran ki aksesib);
- Fòma odyo (yon transkripsyon odyo sou eksplikasyon yo oswa kesyon aplikasyon yo); ak
- Braille, si ou deklare okenn nan lòt fòma yo pa bon pou ou menm jan.

Aplikasyon yo ansanm ak eksplikasyon yo disponib tou pou telechaje an gwo karaktè, fòma done ak fòma odyo nan www.otda.ny.gov oswa www.health.ny.gov. Tanpri n ap fè remake ke fòm aplikasyon yo disponib nan fòma odyo ak Braille kòm enfòmasyon sèlman. Pou aplike, ou dwe soumèt yon fòm aplikasyon alekri, ki pa lòt fòma yo. Si ou bezwen yon lòt aranjman, tanpri kontakte distri sèvis sosyal ou.

Al gade tou

LIV 2 (LDSS-4148B-HA)

"Sa W Dwe Konnen Sou Pwogram Sèvis Sosyal yo"

ak

LIV 3 (LDSS-4148C-HA)

"Sa W Dwe Konnen Lè W Gen Yon Ijans"

KENBE LIV SA A POU W KA SÈVI AK LI PITA

LIS ENFÒMASYON KI NAN LIV LA

PAJ

ENTWODIKSYON	2
---------------------------	---

DWA W YO

1. Dwa Pou Fè Aplikasyon	3
2. Dwa Pou Pa Gen Diskriminasyon	4
3. Dwa Sou Zafè Prive W	5
4. Dwa W Genyen Pou Wè Dosye W	6
5. Konferans ak Odyans san Patipri	7
6. Dwa Pou Travay	10
7. Dwa Timoun ak Papa Yo Lè Se Nan Tribunal Yo Etabli Patènité	11
8. Dwa Sou Patènité ak Aksyon Legal ak Reprezantasyon Pou Sipò Pou Timoun	11
9. Dwa Pou Swen Timoun	12
10. Dwa Sou Peman Pòsyon nan Lajan Sipò yo bay Moun k ap resevwa Asistans ak Peman Sipò Anplis – Asistans Tanporè	13
11. Dwa W Genyen Pou Mande Pou Yo Mete Restriksyon sou Peman Asistans Tanporè	14
12. Dwa W Genyen Si Yo Sispèk W ap Bay Fo Dokiman	14
13. Dwa W Genyen Pou W Enskri Pou Vote	14
14. Dwa W Genyen Konsènan Oganzasyon Relijye K ap Bay Sèvis	15

RESPONSABLITE W YO

1. Responsablité Jeneral	15
2. Responsablité W Genyen Pou Bay Enfòmasyon Ki Laverite Epi Ki Kòrèk	15
3. Responsablité W Genyen Pou W Bay Prèv	17
4. Responsablité W Genyen Pou Enskri Nan Sistèm Otomatik Ki Fè Foto Dwèt La (AFIS)	21
5. Responsablité W Genyen Pou Rapòte Chanjman	22
6. Responsablité W Genyen Konsènan Kat Idantifikasiyon Benefis Komen W Lan	25
7. Responsablité W Genyen Pou W Jwenn Benefis Koupon Pou Achte Manje	25
8. Responsablité W Genyen Pou Remèt Benefis Anplis Yo Ba W Yo	25
9. Responsablité W Genyen Pou Travay	26
10. Responsablité W Genyen Pou Swen Pou Timoun	28
11. Responsablité W Genyen Pou Sipòte Timoun ak Madam Owsa Mari	29
12. Responsablité W Genyen Pou Ranpli Kondisyon Evalyasyon Pou Dwòg ak Alkòl Pou Asistans Tanporè	31
13. Responsablité W Genyen Pou Patisipe nan Reyabilitasyon Pou Abi Dwòg ak Alkòl Pou Asistans Medikal	32
14. Responsablité W Genyen Konsènan Moun Ki Bay Asistans Medikal	32
15. Responsablité W Genyen Pou Resétifikasyon	33
16. Responsablité Paran Ki Poko Gen 18 An Epi Ki Aplike Owsa K ap Resevwa Asistans Tanporè	33
17. Responsablité W Genyen Konsènan Lojman Tanporè Si W Sanzabri	33
18. Responsablité W Genyen Pou Aplike Pou Revni Anplis Pou Sekirite (SSI)	34

REMAKE BYEN:

Liv sa a fè w konnen anpil nan dwa ak responsablité ou genyen lè w ap aplike owsa ap resevwa benefis owsa swen sèvis sosyal.

Entansyon liv la se pou ba w yon konesans jeneral sou dwa ak responsablité ki genyen nan lwa ak règleman eta yo epi nan lwa ak règleman federal yo. Si ou gen kesyon byen detémine, tanpri mande travayè sosyal ou a pou plis enfòmasyon.

ENTWODIKSYON

Liv sa a (**LDSS-4148A-HA**: « Sa Ou Dwe Konnen Sou Dwa w ak Responsablite w yo ») se youn nan twa liv ki reponn pifò nan kesyon sou asistans nou ka ba w la. Liv sa a pale sou dwa ak responsablite w yo lè ou aplike epi ou resevwa benefis.

Dezyèm liv la (**LDSS-4148B-HA**: « Sa Ou Dwe Konnen Sou Pwogram Sèvis Sosyal Yo ») bay enfòmasyon byen detèmine sou chak pwogram, epi twazyèm liv la (**LDSS-4148C-HA**: « Sa Ou Dwe Konnen Si w Gen Yon Ijans ») di w sa pou w fè si w gen yon Ijans.

Nan tout liv sa yo nou rele pwogram asistans piblik yo « Asistans Tanporè ». (Non ofisyèl yo se « Asistans Pou Fanmi » [Family Assistance] ak « Asistans Filè Sekirite » [Safety Net Assistance]). Rezon ki fè yo sèvi ak mo « Tanporè » a se pou fè konnen pwogram sa yo la sèlman pou ede w jiskaske ou ka sipòte tèt ou ak fanmi w poukонт ou.

Liv sa yo pale tou de Asistans Medikal. Asistans Medikal gen ladan I asirans Sante Timoun Anplis pati A (Child Health Plus A) pou timoun, asirans Medicaid pou adilt, Sante Fanmi Anplis (Family Health Plus), Pwogram Peye Medicaid pou Moun k ap Travay ki Andikape (Medicaid Buy-In Program for Working People with Disabilities), Pwogram Epay Medicare (Medicare Savings Program), ak Pwogram Benefis Planin Familyal (Family Planning Benefits Program).

Liv sa yo pale de Sèvis yo tou. Nan Sèvis yo, ou jwenn swen pou timoun, swen nouris, byennèt timoun, adopsyon ak lòt bagay.

DWA W YO

1. DWA POU FÈ APLIKASYON

Ou gen dwa pou:

- Yo pale w de pwogram yo epi de èd ou ka jwenn yo tou.
- Yo di w sa w dwe fè pou w ka jwenn pwogram sa yo.
- Ou aplike pou pwogram sa yo.
- Ou jwenn yon Aplikasyon si ou mande youn.
- Soumèt (anrejistre) Aplikasyon an menm jou w resevwa I la (pou Asistans Tanporè [Temporary Assistance] ak Benefis Koupon pou Achte Manje [Food Stamp Benefits]).

REMAKE: Yo dwe aksepte yon Aplikasyon pou Koupon Pou Achte Manje si omwen ou mete non ou, adres ou (si ou gen youn) ak siyati w nan aplikasyon an. Se yon bagay ki enpòtan paske yo kòmanse kalkile kantite Koupon pou Achte Manje y ap ba w la apatide premye jou ou bay Aplikasyon ou lan. Ou ka jwenn plis Benefis Koupon pou Achte Manje si ou bay aplikasyon w lan menm jou ou jwenn li an. Men, tanpri remake, w ap oblige ranpli rès aplikasyon an pou w wè si w ka resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje.

- Voye aplikasyon w lan bannou pa lapòs si w ap aplike pou sèvis pou swen timoun sèlman.
- Fè yon entèvyou.
- Se se pou Asistans Medikal w ap aplike (Medicaid/Sante Timoun Anplis pati A/Sante Fanmi Anplis, Pwogram Peye Medicaid pou Moun k ap Travay ki Andikape/Pwogram Epay Medicare/Pwogram Benefis Planin Familyal) pa gen yon peryòd tan espesifik pou oumenm oswa reprezantan w lan fè yon entèvyou. Sepandan, se pou yo fè entèvyou ak ou anvan pou yo detèmine kalifikasyon.
- Si se pou Asistans Tanporè w ap aplike, yo dwe fè entèvyou sa a avèk ou anvan sèt jou travay pase sou lè w te bay aplikasyon an.
- Si se pou Benefis Koupon pou Achte Manje w ap aplike, ou dwe pran randevou pou entèvyou w la alè pou w ka sèten y ap detèmine si ou kalifye epi yap ka ba w benefis la anvan 30 jou pase sou lè w te bay aplikasyon an.
- Si se pou Benefis Koupon pou Achte Manje w ap aplike, ou gen dwa mande pou yo pa fè entèvyou nan biwo a avèk ou si w nan sitiyasyon difisil. Anjeneral, sitiyasyon difisil vle di, men yo pa limite a sa yo sèlman, maladi, pwoblèm transpò, okipe yon moun lakay ou, difikilite paske w rete andeyò, move tan ki dire lontan, oswa lè travay ou oswa lè w al pran klas preparasyon pou travay yo anpeche w ale nan biwo a lè biwo distrik sèvis sosyal yo louvri. Si w mande sa, yo pap egzije ou vin nan entèvyou nan biwo a, si tout granmoun nan kay ou se granmoun aje oswa andikape ki pa travay pou okenn salè. Ajans lan ka egzante w de entèvyou nan biwo a pou l ba w yon entèvyou nan telefòn oswa ajans lan ka pran yon randevou pou yo vin lakay ou. Ou ka fè aranjman davans pou fè entèvyou an pèson yon kote ki akzeptab ni pou oumenm ni pou ajans lan, ou ka menm fè entèvyou an nan kay kote tout fanmi ou rete a.

Si yon moun k ap aplike pa ka ale nan entèvyou a, li ka deziyen **alekri** yon reprezantan otorize, yon moun ki pa rete nan kay la, pou l ale nan entèvyou a pou tout moun nan kay la. Moun sa a se ka yon zanmi, yon fanmi, oswa nenpòt lòt moun, moun k ap aplike a chwazi. Moun sa a fèt pou l gen dokimantasyon nesesè yo e se pou l ammezi pou l bay depatman sèvis sosyal lokal la (LDSS) enfòmasyon li bezwen an pou detèmine kalifikasyon. Se tout moun ki nan kay la ki pou chwazi reprezantan otorize a. Si yon moun k ap aplike ta renmen yon moun aji antanke reprezantan otorize pou li, se pou toulède, moun k ap aplike a avèk reprezantan otorize a siyen aplikasyon an.

Lè aplikasyon an se pou Asistans Medikal sèlman, nenpòt moun, moun k ap aplike a otorize pou reprezante I nan pwoesisis aplikasyon an, ka ranpli e siyen aplikasyon an. Reprezantan sa a ka ale nan entèvyou a pou moun k ap aplike a.

REMAKE: Si w ap aplike pou Asistans Tanporè, epi ou di nou jodi a ou gen yon ijans, nou oblige fè yon entèvyou avèk ou jodi a menm pou nou ka pale de ijans ou genyen an. Nou oblige ekri ou jodi a tou pou nou fè w konnen desizyon nou sou ijans ou an. Si w ap aplike pou Benefis Koupon pou Achte Manje, epi ou kalifye pou sèvis prese prese, nou pap pran plis pase senk jou, apatide lè ou te bay aplikasyon ou lan, pou nou ba w yon entèvyou epi pou nou voye yon avi sou desizyon nou pran sou ijans ou an ba ou.

- Mennen yon moun ki ka sèvi kòm entèprtèt pou ou nan entèvyou w la. Si ou bezwen yon entèprtèt, ajans lan ap fè aranjman pou w gen youn. Yo pa ka refize w sèvis paske ou pa pale angle twò byen. Moun k ap aplike/benefisyè yo ki yon jan soud oswa pa pale twò byen yo, dwe sonje sèvi ak sistèm TTY/TTD pou yo ka resevwa sèvis.

- Si ou enfim, ou gen dwa pou w jwenn pwogram sèvis sosyal, menm jan ak yon moun ki pa enfim.
- Yo fè w konnen si yo aksepte oswa refize Aplikasyon w lan anvan trant (30) jou pase sou lè ou te remèt (ranpli) Aplikasyon pou Resevwa Asistans pou Fanmi ak Benefis Koupon pou Achte Manje a; pou yo fè w konnen si yo aksepte oswa refize Aplikasyon pou **Asistans Filè Sekirite a**, anvan karannsenk (45) jou pase sou lè ou te remèt (ranpli) Aplikasyon an.
- Yo pran yon desizyon pou yo apwouve oswa refize aplikasyon ou fè pou Sèvis yo anvan trant (30) jou pase sou lè w te remèt (ranpli) aplikasyon an, epi pou yo voye yon avi sou desizyon an pa ekri ba ou anvan kenz (15) jou pase sou lè yo pran desizyon an. Toutjan, yo dwe pran yon desizyon pou apwouve oswa refize sèvis pwoteksyon pou granmoun lè yon plan pou evalyasyon sèvis pou sèvis pwoteksyon pou granmoun fin fèt nèt.
- Se pou yo avize w si w kalifye pou Asistans Medikal oswa si yo refize aplikasyon w lan lè aplikasyon w pou Asistans Medikal, ansanm avèk antrevi a, konplete. Peryòd tan pou yo avize w la varye:
 - Yo dwe fè fanm ansent ak jenn timoun konnen anvan trant (30) jou pase sou lè yo te ranpli aplikasyon an;
 - Si yon moun dwe enfim pou li kalifye, yo dwe fè moun nan konnen si li kalifye anvan katrevendis (90) jou pase sou lè moun nan te ranpli aplikasyon an; oswa
 - Yo dwe fè tout lòt moun konnen anvan karannsenk (45) jou pase sou lè yo te ranpli aplikasyon an.
- Resevwa yon avi pa ekri ki fè w konnen si yo aksepte oswa refize Aplikasyon w lan:
 - Si yo aksepte aplikasyon w lan, avi sa a ap fè w konnen ki benefis y ap ba w;
 - Si yo refize aplikasyon w lan, avi sa a ap fè w konnen poukisa epi lap di w kisa pou w fè si w pa dakò oswa si w pa konprann desizyon sa a.

REMAKE: Si yo apwouve aplikasyon pou Asistans Tanporè w la epi w se yon granmoun ki pa gen pitit, anjeneral yo pral mete w nan kategori Asistans Tanporè ki Filè Asistans Sekirite a. Gen sèten fanmi ki gen timoun ki pral resevwa Asistans Filè Sekirite (Safety Net Assistance).

Moun ki nan ka Filè Asistans Sekirite yo pap resevwa Asistans Tanporè regilyèman pou okenn peryòd tan anvan 45 jou apatide dat aplikasyon an. Moun ki nan Kategori Filè Asistans Sekirite yo ka anmezi pou yo resevwa èd pou yo satisfè ka dijans yo pandan peryòd 45 jou yo pa ka resevwa benefis regilye yo. (GadeLDSS-4148C: « Kisa Pou w Konnen Lè W Gen Ijans ».)

Moun ki nan kategori Filè Asistans Sekirite a epi ki kalifye pou Benefis Koupon pou Achte Manje pa oblige rete tann plis tan pase okenn lòt moun ki aplike yo pou resevwa benefis sa yo.

2. DWA POU PA GEN DISKRIMINASYON

Li ilegal pou Biwo Asistans ak Enfimite Tanporè nan Eta Nouyòk la (New York State Office of Temporary and Disability Assistance: OTDA), Depatman Lasante nan Eta Nouyòk (New York State Department of Health), Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta Nouyòk (New York State Office of Children and Family Services) oswa depatman sèvis sosyal ki nan zòn lakay ou fè diskriminasyon poutèt ras, relijon, koulè, si w marye oswa pa marye, enfimite, sèks, peyi kote w soti, kwayans politik oswa laj.

Si w panse yo fè diskriminasyon kont ou nan yon pwogram **Asistans Tanporè, ki gen ladan I Asistans pou Fanmi ak Filè Asistans Sekirite**, oswa yo trete dosye w la mal poutèt yon kalite diskriminasyon kèlkonk, ou ka pote plent si w rele oswa w ekri:

Bureau of Equal Opportunity Development (BEOD)
New York State Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA
40 North Pearl Street 16D
Albany, New York 12243-0001
(518) 473-8555

BEOD va refere plent lan ba depatman sèvis sosyal lokal la pou envestigasyon, e li va voye yon kopi lèt transmisyon an ba moun ki pote plent lan. Lè OTDA refere yon moun ki pote plent ba depatman sèvis sosyal lokal la, se pou yo soumèt yon rapò sou 20 jou apatide dat demann lan fèt la e se pou rapò sa a gen ladan I tout zafè ki gen rapò ak plent lan, dapre egzijans 18 NYCRR Pati 356.3(e). Si yo pa ka respekte delè a, se pou yo voye yon rapò pwovizwa. OTDA ka bay depatman sèvis sosyal lokal la opinyon I konsènan nenpòt bagay ki nan rapò ki gen pou wè ak plent lan, epitou OTDA ka fè lòt revizyon sou plent lan, ansanm avèk depatman sèvis sosyal lokal la si yo jije li nesesè.

Si w panse yo fè diskriminasyon kont ou nan pwogram **Benefis Koupon pou Achte Manje a**, ou ka ekri nan adrès sa a tou pou w pote plent:

USDA
Director, Office of Civil Rights
Room 326-W, Whitten Building
1400 Independence Avenue, S.W.
Washington, D.C. 20250-9410
(Mesajri ak TDD (pou moun ki soud oswa bèbè): (202) 720-5964)

Yap fè envestigasyon sou plent ou pote pou diskriminasyon an, epi y ap fè w konn rezulta envestigasyon an pa ekri. Si w panse yo fè diskriminasyon kont ou poutèt enfimite, ou ka ekri nan adrès sa a tou pou w pote plent:

**Disability Rights Section
P.O. Box 66738
Washington, D.C. 20035-6738
oswa**

**Director
Office for Civil Rights
U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW, Room 506-F
Washington, D.C. 20201
oswa**

**Rele Biwo pou Dwa Sivil (Office for Civil Rights) nan 1-800-368-1019 (mesajri) oswa 1-800-537-7697
(TDD - pou moun ki sou oswa bèbè)**

Yap fè envestigasyon sou plent ou pote pou diskriminasyon an, epi y ap fè w konn rezulta envestigasyon an pa ekri.

Si w santi yo diskrimine kont oumenm nan pwogram **Asistans Medikal** la, ou ka rele oswa ekri youn nan biwo rejjonal Divizyon Dwa Imen nan Leta Nouyòk (New York Division of Human Rights), ke w ka jwenn nan paj Gouvènman an nan anyè telefòn lan.

Si w panse yo fè diskriminasyon kont ou nan **Asistans Tanporè, Benefis Koupon pou Achte Manje** ak pwogram yo genyen pou travay yo, **Asistans Medikal, Sèvis oswa Swen pou Timoun**, ou ka kontakte Divizyon Dwa Imen nan Leta Nouyòk ki nan Albany.

Ou ka rele oswa ekri youn nan biwo rejjonal Divizyon Dwa Moun nan Eta Nouyòk la (New York State Division of Human Rights). Ou ka jwenn yo nan anyè telefòn, nan sekson paj Gouvènman an. Gen kèk vil ak kèk konte nan Eta Nouyòk la ki gen komisyón dwa moun ki mennen envestigasyon sou plent pou diskriminasyon. Chèche non yo nan yon anyè telefòn.

3. DWA SOU ZAFÈ PRIVE W

Lwa Eta Nouyòk genyen sou Pwoteksyon Zafè Prive Moun (The New York State Personal Privacy Protection Law) ak Lwa Federal sou Zafè Prive (federal Privacy Act) egzije Biwo pou Asistans ak Enfimite Tanporè Eta Nouyòk, Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta Nouyòk ak Depatman Lasante nan Eta Nouyòk pou di w sa li fè ak enfòmasyon ou bay leta sou oumenm ak fanmi w epi ki gen nimewo sekirite sosyal yo (oswa nan kèk sikontans, enfòmasyon ou bay depatman sèvis sosyal nan zòn lakay ou a). W ap jwenn Deklarasyon Lwa sou Zafè Prive a sou fòm aplikasyon w la.

Yo sèvi ak enfòmasyon sa a, epi ak nimewo sekirite sosyal ou pou yo jwenn pwogram ki ka ede w yo. Epi yo sèvi ak yo pou kalkile ki kantite kòb ak ki lòt èd ou ka resevwa. Men lòt rezon ki fè yo sèvi ak enfòmasyon sa yo:

- Nan kèk sikontans, si yon ofisyé ki fè obsève lalwa mande sa, yon depatman sèvis sosyal nan zòn lakay ou dwe bay adrès moun kap resevwa Asistans Tanporè ak Benefis Koupon pou Achte Manje.
- Nan kèk sikontans, yo sèvi ak enfòmasyon w bay la lè y ap chèche moun pou sèvi kòm manm jiri.
- Nan kèk sikontans yo pataje enfòmasyon w avèk Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon nan Etazini (United States Citizenship and Immigration Services: USCIS) (nan Depatman Sekirite Peyi a [Department of Homeland Security]). **Remake:** Asistans Medikal pap bay enfòmasyon w soumèt sou kondisyon kòm sitwayen/kondisyon imigrasyon w ba Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon nan Etazini (USCIS).
- Yo sèvi ak enfòmasyon an pou sipò pou timoun.
- Yo pataje enfòmasyon an ak lòt eta ak ajans ki bay menm kalite asistans lan, pou yo ka anpeche moun jwenn asistans doub ak pou anpeche fwòd.

Nenpòt ki lè yo mande w enfòmasyon, ou dwe bay li pou yo ka sèvi avèk li pou wè si w ka jwenn lajan oswa lòt èd. Seksyon lalwa ki egzije pou Biwo Asistans ak Enfimite Tanporè nan Eta Nouyòk (New York State Office of Temporary and Disability Assistance), Depatman Lasante nan Eta Nouyòk (New York State Department of Health) ak depatman sèvis sosyal lokal yo pran enfòmasyon sou ou epi pou yo verifye enfòmasyon an se Seksyon 21, 132, 134-a ak 366-a nan Lwa Sèvis Sosyal la ak Seksyon 1137 nan Lwa Federal sou Sekirite Sosyal la.

Pou yo ka sèten w ap resevwa kòb la oswa lòt èd lalwa pèmèt oumenm oswa fanmi w resevwa yo, yo ka mande lòt moun pou konfime enfòmasyon an epi pou yo ajoute sou enfòmasyon ou déjà ban nou yo. Kòm ekzanp:

- Pou konnen si w ap travay oswasi w t ap travay, epi, si w t ap travay, konbyen kòb ou tap fè, yo voye non ou ak nimewo sekirite sosyal ou bay Depatman Taks ak Finans nan Eta Nouyòk (New York State Department of Taxation

and Finance), epi bay konpayi kote yo konnen ou t ap travay. Nan kèk sikontans, yo ka voye non ou ak nimewo sekirite sosyal ou bay ajans gouvènman nan lòt eta pou yo ka konnen si w te travay oswa si w te resevwa lajan oswa lòt èd nan eta sa yo.

REMAKE: Si w ap aplike oswa y ap ba w Asistans Tanporè oswa Asistans Medikal, nou ka bay paran ki pa responsab ptit ou yo, nimewo sekirite sosyal ptit ou yo pou li ka enskri timoun yo nan asirans maladi paran ki pa responsab timoun yo, si sa nesesè, pou nou ka kòmanse pwosedi sèvis pou sipò pou timoun. Si w ap aplike pou Asistans Medikal sèlman, nou ka reklame nan men paran ki pa responsab timoun ou yo pou l bay sipò medikal sèlman.

- Yo mande Divizyon Asirans pou Moun ki pap Travay nan Eta Nouyòk (Unemployment Insurance Division in New York State) ak menm biwo sa a nan lòt eta si w ap resevwa oswa w t ap resevwa benefis yo bay moun ki pap travay.
- Yo ka mande bank yo si ou gen youn oswa plizyè kontanbank, oswa yo ka mande bank yo pou yo konfimen si ou gen youn epi pou yo di konbyen kòb ou genyen sou kont lan (yo).
- Yo ka mande lekòl yo pou yo konfimenm si ptit ou yo nan lekòl la.
- Yo ka mande Depatman Sikilasyon Eta Nouyòk (New York State Department of Motor Vehicles) si w gen yon machin.
- Yo ka mande Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration) enfòmasyon sou travay ou pou wè si ou resevwa kòb panson oswa benefis pou enfimite.
- Yo mande Depatman Defans ak Depatman Zafè Veteran (Departments of Defense and Veterans Affairs) si w kalifye pou e/oswa si w ap resevwa konpansasyon ak/oswa benefis panson.
- Yo ka mande Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Services) pou enfòmasyon sou taks federal (1099) ou si w ap aplike pou oswa si w ap resevwa Asistans Tanporè, pou detèmine revni oswa resous ou yo.

Yo swiv règleman sou dwa sou zafè prive yo tou, pou moun ki aplike epi ki patisipe nan Asistans ak Sèvis Medikal yo.

Tout enfòmasyon w soumèt sou aplikasyon pou Asistans Medikal la, pral rete konfidansyèl. Sèl moun ki pral wè enfòmasyon an se moun k ap ede nan anrejistremant yo ak ajans Leta oswa ajans lokal, avèk plan sante ki bezwen konnen enfòmasyon sa a defason pou yo detèmine si oumenm (moun k ap aplike a) ak moun ki rete nan kay ou, kalifye. Moun k ap ede w ranpli aplikasyon w lan pa ka diskite de enfòmasyon sa a avèk okenn moun, esepte yon sipèviziè oswa ajans Leta oswa lokal oswa plan sante ki bezwen enfòmasyon sa a.

Ou ka itilize yon adrès postal ki konfidansyèl si w pa vle enfòmasyon ki konsène kalifikasyon w pou Pwogram Benefis Planin Familyal (Family Planning Benefits Program: FPBP) pou yo vin nan adrès nòmal ou. Si w bezwen kenbe enfòmasyon sou planin familyal ou konfidansyèl pou konpayi asirans sante w pa konnen, fè travayè sosyal ou a konn sa.

Anplis sèvi ak enfòmasyon w ban nou an pou rezon sa yo, Biwo pou Asistans ak Enfimite Tanporè Eta Nouyòk la sèvi ak enfòmasyon sa a pou planifikasyon ak administrasyon pwogram yo epi pou li ka sèten depatman sèvis sosyal lokal yo ap fè pi bon travay yo ka fè a (**« kontwòl kalite »**). Se Komisyonè Adjwen, Divizyon Enfòmasyon Teknoloji (Division of Information Technology: DoIT), Biwo Asistans ak Enfimite Tanporè a (Office of Temporary and Disability Assistance) 40 North Pearl Street, Albany, N. Y. 12243-0001 ki responsab enfòmasyon sa yo.

Biwo Asistans ak Enfimite Tanporè Eta Nouyòk (OTDA) la ap fè rechèch pou li aprann si pwogram nou yo efikas ase nan ede moun ki aplike a ak moun ki resevwa Asistans Tanporè jwenn travay epi rete nan travay yo. Rechèch sa a enpòtan anpil. Li ede nou amelyore sèvis ki afekte anpil kliyan Asistans Tanporè menm jan avèk ou.

Pou nou ka fè rechèch la, li nesesè pou nou sèvi ak Sistèm Leta Genyen pou Rapòte Salè a (State's Wage Reporting System) pou nou ka swiv salè yon gwoup moun ki aplike epi ki resevwa Asistans Tanporè pandan jiska dis (10) ane. Nou sèvi ak enfòmasyon sou salè a pou nou fè rechèch sèlman. **Li pa afekte kalifikasyon ou pou Asistans Tanporè nan okenn fason.** Nou kenbe tout enfòmasyon sou salè nou jwenn pou fè rechèch la konplètman an sekrè. Se moun kap fè rechèch la sèlman ki wè enfòmasyon sou salè a epi yo pa menm gen aksè a non moun ki aplike yo ni moun kap patisipe yo. Si w nan rechèch la, nou pap janm mete non ou nan okenn rapò epi nou pap janm bay okenn enfòmasyon sou salè. Si w pa vle nou sèvi ak dosye kote ou rapòte salè w yo, ou ka voye yon lèt nan adrès sa a pou mande pou yo pa mete w nan rechèch la:

New York State Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA
Office of Program Evaluation
40 North Pearl Street
Albany, New York 12243

4. DWA W GENYEN POU WÈ DOSYE W

Depi w fin aplike pou lajan oswa lòt èd, yo kenbe **de (2)** kalite dosye sou ka w la. Dabitid, ou gen dwa pou w wè dosye sa yo.

Ou ka **pa** gen dwa pou wè tout dosye w yo. Pa ekzanp, ou ka pa gen dwa pou wè tout oswa yon pati nan dosye sipò pou timoun, adopsyon, swen nouris, dosye pou pwoteksyon ak prevansyon pou timoun. Travayè sosyal la ka eksplike w règleman sa yo.

DOSYE SOU KA - Premye tip dosye a rele **dosye sou ka** w la e li gen ladan I tout papye sou ka w la, e ou ka gen aksè a li nan depatman sèvis sosyal ki nan zòn ou an. Nan dosye sou ka w la, ou ka jwenn aplikasyon w la, yon kopi batistè ou, sou chèk travay ou, nòt travayè sosyal la pran pandan entèvyou li te fè avèk ou yo, epi nenpòt lòt enfòmasyon sou ka w la.

Dabitid, ou gen dwa pou wè dosye sou ka w la pandan lè travay. Men ou fèt pou mande depatman sèvis sosyal nan zòn ou a davans pou w ka fè sa. Ou gen dwa mande kopi papye ki nan dosye sou ka w la, men ou ka oblige peye pou kopi sa yo. Si yo y ap sèvi ak papye sa yo oswa yap bezwen yo pou yon Odyans san Patipri, yo fèt pou ba w kopi sa yo gratis.

DOSYE ENFÒMATIZE – Dezyèm tip dosye a, yo kenbe I nan sistèm òdinatè ki nan Biwo Asistans ak Enfimitè Tanporè ki nan Eta Nouyòk (OTDA), nan Depatman Sante Eta Nouyòk (DOH) oswa nan Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta Nouyòk (OCFS). Depatman sèvis sosyal nan zòn ou an ak/oswa ajans volontè otorize ki te bay oumenm ak fanmi w sèvis, anrejistre enfòmasyon sou ka w la nan sistèm òdinatè Leta a. Nan majorite ka yo, se dwa w tou pou egzamine dosye enfòmatize w yo Leta kenbe. Anjeneral, se pou w fè demann ou nan depatman sèvis sosyal ki nan zòn kote w aplike a, oswa k ap ba oumenm ak/oswa fanmi w sèvis. Pale avèk travayè sosyal ou pou w konnen kote pou adrese demann ou an.

Pou w jwenn kopi enfòmasyon Sante Medicaid Pwoteje, se pou w voye yon demann alekri nan:

Claim Detail Unit
NYS Department of Health
Office of Medicaid Management
99 Washington Ave
7th floor, Suite 729
Albany, NY 12210

Lè w ekri pou mande kopi dosye ou ki nan òdinatè yo, Lwa sou Pwoteksyon Zafè Prive Moun a egzije pou ajans Eta Nouyòk, anvan senk (5) jou pase sou lè yo resevwa lèt ou a, dwe:

- Voye dosye w yo ba ou; **oswa**
- Di w poukisa yo pap ba w dosye w yo; **oswa**
- Di w yo resevwa demann ou a epi yo pral wè si yo ka pèmèt ou jwenn dosye w yo.

5. KONFERANS AK ODYANS SAN PATIPRI

Si w panse yo pran yon move desizyon sou ka w la, oswa ou pa konprann desizyon yo pran an, pale ak travayè sosyal la touswit. Si w pa dakò toujou oswa ou pa konprann desizyon yo pran an, ou gen dwa pou fè yon **Konferans** oswa yon **Odyans san Patipri**.

KONFERANS – Yon Konferans se lè w rankontre ak yon moun ki pa moun ki te pran desizyon sou ka w la. Moun sa a pral rekonsidere desizyon sa a nan konferans la. Pafwa yon Konferans se fason ki pi rapid pou rezoud nenpòt pwoblèm ou ta ka genyen. Nou ankouraje w mande pou gen yon Konferans **menm si w te déjà mandé yon Odyans san Patipri**. Men, ou fè Konferans yo si w vle, epi ou ka mande yon Odyans san Patipri menm si w pa mande yon Konferans. Pou mande yon Konferans, rele oswa ekri depatman sèvis sosyal ki nan zòn ou an.

YON KONFERANS, SE PA YON ODYANS SAN PATIPRI. Si yo di w y ap fèmen ka w la, oswa lajan oswa lòt èd w ap resevwa yo ap mwens, epi pwoblèm nan pa rezoud nan yon Konferans, ou dwe mande yon **Odyans san Patipri** pou yo pa sispann oswa redwi lajan oswa lòt èd w ap resevwa yo.

REMAKE: Yon demann pou yon Konferans se pa yon demann pou yon Odyans san Patipri. Si w bezwen yon Odyans san Patipri, ou fèt pou mande youn.

Odyans san Patipri – Yon Odyans san Patipri se yon okazyon pou w di yon Jij Dwa Administratif nan Biwo Asistans ak Enfimitè Tanporè Eta Nouyòk la (New York State Office of Temporary and Disability Assistance) poukisa w panse desizyon yo pran sou ka w la pa bon. Apre sa, leta a ap ekri yon desizyon pou l di si depatman sèvis sosyal nan zòn ou an te pran yon bon oswa yon move desizyon. Desizyon ekri sa a ka pase depatman sèvis sosyal la lòd pou li korije ka w la.

Men Kèk Rezon Ki Ta Ka Fè W Mande Yon Odyans san Patipri

- Ou dakò pou retire aplikasyon w la, men ou santi yo te ba w yon move enfòmasyon oswa yo pat ba w tout enfòmasyon sou kalifikasyon w pou pwogram oswa sèvis yo bay la.
- Yo refize Aplikasyon w fè pou Asistans Tanporè, Asistans Medikal, Benefis Koupon pou Achte Manje, Sèvis, Swen pou Timoun oswa Pwogram Asistans pou Enèji pou Kay (Home Energy Assistance Program: HEAP), epi w pa dakò ak desizyon sa a.
- Gen plis pase 30 jou ki pase depi w te aplike pou Asistans Tanporè, Benefis Koupon pou Achte Manje, Sèvis oswa

HEAP. Yo poko di w si yo apwouve oswa refize Aplikasyon w lan. Pou kèk granmoun ki aplike pou Asistans Tanporè, yo ka pran jiska 45 jou pou yo pran desizyon.

- Ou kwè Asistans Tanporè, Asistans Medikal, Sèvis, Swen pou Timoun oswa HEAP yo ba w yo pa jis.
- Ou te aplike pou Asistans Medikal epi w pa resevwa okenn avi ki di w si yo aksepte oswa refize aplikasyon w lan.
 - Si w ansent oswa ou aplike pou yon timoun piti, ou fèt pou jwenn yon avi anvan 30 jou pase.
 - Si w aplike paske ou se yon moun enfim, li ka pran 90 jou pou yo wè si w kalifye.
 - Yo voye avi bay tout rès moun yo anvan 45 jou pase.
- Yo di w ka travay oswa ou ka patisipe nan yon aktivite pou travay (kalifye pou travay), epi ou pa dakò ak sa.
- Ou panse kantite Asistans Tanporè, Benefis Koupon pou Achte Manje oswa Benefis Swen pou Timoun yo ba w yo pa jis.
- W ap resevwa Asistans Medikal ak benefis Swen pou Timoun, men ou oblige peye yon pati nan kòb la. Ou panse kòb ou dwe bay la twòp.
- Asistans Medikal ap peye pou yon sèvis epi yo fè w konnen y ap diminye oswa sispann sèvis ou a. Ou pa dakò ak sa.
- Ou te aplike pou yon egzanpsyon Asistans Medikal e yo te rejte aplikasyon w lan. Ou pa dakò ak sa.
- Yo di w, paske w abize Asistans Medikal la, ou dwe fè tretman medikal ou yo kay yon doktè prensipal (**Pwogram Ki Mete Restriksyon sou Moun Kap Resevwa Asistans**). Ou pa dakò desizyon sa a. (**Gade « Responsabilite w yo », Seksyon 14, « Responsabilite W Genyen Konsènan Moun ki bay Asistans Medikal ».**)
- W ap resevwa Asistans Tanporè, Asistans Medikal, Benefis Koupon pou Achte Manje, Sèvis oswa Swen pou Timoun epi yo di w yo fèmèn ka w la. Ou pa dakò desizyon sa a.
- Ou te mande pou yo reba w Benefis Transfè Elektwonik pou Benefis (EBT) yo te siphone, epi yo pat reba w yo.
- Ou mande pou yo ajiste (korije) kont EBT ou genyen pou Benefis Koupon pou Achte Manje w la epi yo refize demann ou a.
- Yo diminye kont EBT ou genyen pou Benefis Koupon pou Achte Manje w la pou korije yon erè nan sistèm EBT a, e w pa dakò ak desizyon sa a.
- Depatman sèvis sosyal ki nan zòn ou a sèvi ak yon pati nan Asistans Tanporè ou la pou peye bòdwo w dwe yo dirèkteman, tankou chofaj, lwave, lòt sèvis (peman ki limite). Ou pa dakò ak sa.
- Ou mande pou w resevwa plis èd oswa plis sèvis pou yon bezwen espesyal e yo fè w konnen ou pa ka genyen l. Ou pa dakò ak sa.
- W ap resevwa Asistans Tanporè, Asistans Medikal, Benefis Koupon pou Achte Manje, Sèvis oswa Swen pou Timoun chak mwa, epi yo di w y ap ba w mwens. Ou pa dakò ak sa.
- Yo fè w konnen ou resevwa yon peman anplis pou sèvis swen timoun, Asistans Tanporè oswa Benefis Koupon pou Achte Manje e yo fè w konnen w ap gen pou repeye peman anplis sa a. Ou pa dakò ke w gen yon peman anplis ki fèt oswa ou pa dakò sou montan peman anplis la.

Nan yon Odyans san Patipri yap ba w yon okazyon pou w eksplike poukisa desizyon yo pran a pa bon.

LIMIT SOU TAN OU GENYEN POU MANDE YON ODYANS SAN PATIPRI – Si w vle yo ba w yon Odyans san Patipri pou Asistans Tanporè, Asistans Medikal, Benefis Koupon pou Achte Manje, Sèvis oswa Swen pou Timoun, rele **touswit** paske **gen yon limit sou tan yo**. Si w ret tann twòp tan, ou gen dwa pa ka jwenn yon Odyans san Patipri.

REMAKE: Si ka w la grav anpil, Biwo Asistans ak Enfimite Tanporè Eta Nouyòk la ap fè aranjman pou yon Odyans san Patipri pou ou pi vit posib. Lè w rele oswa w ekri pou gen yon Odyans san Patipri, fè yo konnen ka w la grav anpil.

Si yo ba w yon avi sou ka w la, epi w vle mande pou gen yon Odyans san Patipri, avi sa a ap fè w konnen konbyen tan w genyen pou mande Odyans san Patipri la. **Ou fèt pou li tout avi an ak anpil atansyon.**

Si avi a fè w konnen yo refize, sispann oswa redwi **Asistans Tanporè a, Asistans Medikal la, Sèvis oswa Swen pou Timoun nan**, ou ka mande pou yo fè yon Odyans san Patipri anvan **60** jou pase sou dat ki sou avi a.

Si avi a fè w konnen yo refize, sispann oswa redwi **Benefis Koupon pou Achte Manje w la**, ou ka mande pou yo fè yon Odyans san Patipri anvan **90** jou pase sou dat ki sou avi a. Ou ka mande pou yon Odyans san Patipri si w panse Benefis Koupon pou Achte Manje w resevwa a pa ase a nenpòt moman pandan peryòd sétifikasyon an.

Si yo pa voye yon avi sou ka w la ba w, epi yo rejte, sispann, oswa redwi kòb oswa lòt èd yo tap ba w yo, ou ka mande pou yo fè yon Odyans san Patipri tou.

KOUMAN POU MANDE YON ODYANS SAN PATIPRI

Si yo ba w yon avi sou ka w la, epi ou vle mande pou yo fè yon Odyans san Patipri, avi a ap fè w konnen kouman pou w mande yon. **Ou fèt pou li tout avi an ak anpil atansyon.**

Si avi w resevwa yon avi ki fè wkennen y ap sispann oswa redwi kòb oswa lòt èd yap ba w yo, epi w mande yon Odyans san Patipri anvan **dat ofisyèl** ki sou avi a, nan pi fò sikonstans, kòb oswa lòt èd yo ap rete menm jan (« **èd k ap kontinye** ») jiskaske yo pran desizyon pou Odyans san Patipri la. Si yo pa gen tan voye avi a anvan dat ofisyèl la, epi ou mande pou yo fè yon Odyans san Patipri anvan **10** jou pase sou dat ki sou **so lapòs** ki sou avi a, ou gen dwa pou kòb la oswa lòt èd yo tap ba w la rete menm jan an (« **èd k ap kontinye** ») jiskaske yo pran desizyon Odyans san Patipri la.

Men, si w resevwa « **èd k ap kontinye** » epi w pèdi Odyans san Patipri la, w ap oblige remèt tout Asistans Tanporè, Benefis Koupon pou Achte Manje, Asistans Medikal ak/oswa benefis pou Swen pou Timoun ou te resevwa kòm « **èd k ap kontinye** » pandan w tap tann desizyon Odyans san Patipri la.

Si w **pa vle** kòb oswa lòt èd yo tap ba w la rete menm jan an jiskaske yo pran desizyon Odyans san Patipri la, ou dwe fè Biwo Asistans ak Enfimite Tanporè Eta Nouyòk la konn sa lè w rele oswa ou ekri pou mande Odyans san Patipri la.

Si yo pa voye yon avi sou ka w la ba w, epi yo rejte, sispann, oswa redwi kòb oswa lòt èd yo tap ba w yo, ou gen dwa toujou mande pou yo fè yon Odyans san Patipri. Menm lè w mande pou yo fè Odyans san Patipri la, ou ka mande pou yo rekòmanse ba w kòb oswa lòt èd yo te konn ba w yo (« **èd k ap kontinye** »).

Men, si w resevwa « **èd k ap kontinye** » epi w pèdi Odyans san Patipri la, w ap oblige remèt tout Asistans Tanporè, Benefis Koupon pou Achte Manje, Asistans Medikal ak/oswa benefis pou Swen pou Timoun ou te resevwa kòm « **èd k ap kontinye** » pandan w tap tann desizyon Odyans san Patipri la.

KISA POU W FÈ POU YON ODYANS SAN PATIPRI

Biwo Asistans ak Enfimite Tanporè Eta Nouyòk la ap voye yon avi ba w, kap fè w konnen ki lè ak ki kote y ap fè Odyans san Patipri a.

Pou w pare pou Odyans san Patipri la, ou gen dwa gade nan dosye ka w la epi ou ka fè kopi fòm ak papye yo yap bay Jij Dwa Administratif ki nan Odyans san Patipri gratis. Ou gen dwa jwenn kopi nenpòt ki lòt papye ki nan dosye ka w la gratis, si w panse w ka bezwen yo pou Odyans san Patipri la. Dabitid, ou ka jwenn papye sa yo anvan chitatande a, oswa pandan chitatande a pou pita. Si w mande pou nenpòt ki papye, epi depatman sèvis sosyal ki nan zòn ou a pa voye yo ba w anvan chitatande a, ou fèt di Jij Dwa Administratif la sa. (« **Gade nan Dwa w Yo** », **Seksyon 4**, « **Dwa W Genyen pou Wè Dosye W** ».)

Ou ka vini ak yon avoka, yon fanmi w oswa yon zanmi nan Odyans san Patipri la pou ede w esplike pou kisa w panse yon desizyon yo pran sou ka w la pa bon. Si w pa ka ale nan Odyans san Patipri la, ou ka voye yon lòt moun nan plas ou. Si w ap voye yon moun ki pa yon avoka nan Odyans san Patipri la, ou fèt pou bay moun sa a yon lèt pou l remèt Jij Dwa Administratif la. Lèt sa a ta dwe fè Jij la konnen moun sa a ap pran plas ou.

Pou ede w esplike poukisa ou panse desizyon yo pran nan Odyans san Patipri la pa bon, ou fèt pou vini ak nenpòt temwen ki ka ede w epi ak enfòmasyon tankou:

- | | | |
|--|--|---|
| <ul style="list-style-type: none"> • Sou chèk travay • Papye fèm kay | <ul style="list-style-type: none"> • Bòdwò • Deklarasyon Doktè | <ul style="list-style-type: none"> • Resi |
|--|--|---|

Yon moun nan depatman sèvis sosyal ki nan zòn ou ap nan Odyans san Patipri la tou pou esplike desizyon yo pran sou ka w la. Oumenm oswa moun ki reprezante w la ka poze moun sa a kesyon epi oumenm oswa moun ki reprezante w la ka bay vèsyon ou genyen sou ka w la. Oumenm oswa moun ki reprezante w la ka poze nenpòt ki temwen, ki vini avèk ou, kesyon.

Si w panse ou bezwen yon avoka pou ede w ak Odyans san Patipri la, ou ka jwenn youn san w pa peye si w rele Legal Aid oswa Biwo Sèvis Legal. Pou w ka jwenn non lòt avoka, rele Bawo Avoka ki nan zòn ou an.

REMAKE: Si w mande sa, yo ka remèt ou kòb ou te dwe peye pou transpò pubblik, swen pou timoun ak lòt depans nesesè pou w ka ale nan Odyans san Patipri la. Si pa gen transpò pubblik, yo ka remèt ou kòb ou te peye pou yon lòt mwayen transpò. Si w pa ka pran transpò pubblik paske ou gen yon pwoblèm medikal, yo ka remèt ou kòb ou te peye pou yon lòt mwayen transpò. Men, yo ka mande w pou w bay verifikasyon medikal.

Si w abite nenpòt kote nan Eta Nouyòk la, ou ka mande pou yon Odyans san Patipri pa telefòn, faks, sou entènèt, oswa si w voye yon lèt nan adres ki pi ba a.

Telefòn: Nimewo gratis nan eta a pou fè demann lan se 800-342-3334. Tanpri, kenbe avi a ak ou, si w gen youn, lè w ap rele.

Faks: Demann pou Odyans san Patipri w la nan: 518- 473-6735

Sou Entènèt: Ranpli fòm sou entènèt la nan <http://www.otda.state.ny.us.us/oah/forms.asp>

Si w ap voye yon lèt: Pou avi yo, ranpli seksyon yo bay la epi voye yon kopi avi a, oswa voye yon lèt nan:

**NYS Office of Temporary and Disability Assistance
Office of Administrative Hearings
P.O. Box 1930
Albany, New York 12201-1930**

Tanpri, kenbe yon kopi kèlkeswa avi a pou dosye pa w.

Si demann ou an konsèn nenpòt pwoblèm sou benefis sante w oswa sou sèvis ki anban Plan Swen Kontwole w la oswa Swen Kontwole Alontèm ou a, ou ka voye yon lèt nan:

**NYS Office of Temporary and Disability Assistance
Office of Administrative Hearings
Managed Care Hearing Unit
P.O. Box 22023
Albany, New York 12201-2023**

Faks: Kopi avi a, oswa Demann Alekri w la nan (515) 473-6735

Ou ka fè demann ou an pèsonèlman tou nan biwo ki make anba a.

San randevou Pote yon kopi avi a, oswa mande pou yon odyans sou yon zafè ki pa baze sou avi a, nan:

**Office of Temporary & Disability Assistance
Office of Administrative Hearings
14 Boerum Place
Brooklyn, New York
oswa
330 W. 34th Street, 3rd Fl., New York, New York
oswa
NYS Office of Temporary and Disability Assistance
Office of Administrative Hearings
Fair Hearings
P.O. Box 1930
Albany, NY 12201-1930**

REMAKE: Pou odyans ijans san patipri nan Vil Nouyòk sèlman rele (800) 205-0110. Sèvi ak nimewo sa a lè w gen ijans sèlman. Pa sèvi avèk li pou okenn lòt bagay. Nan nimewo sa a, yo pap aksepte demann ki pa ijan.

6. DWA POU TRAVAY PANDAN W AP RESEVWA ASISTANS TANPORÈ

Pou Asistans Tanporè

Antanke yon moun k ap resevwa Asistans Tanporè, yo ka atann yo aske ou chèche travay e ke ou patisipe nan aktivite ki pral ede w jwenn epi kenbe yon travay. Si ou pa gen yon diplòm lekòl segondè oswa ekivalan youn, tankou yon diplòm GED, ou ka elijib e yo ka mande w pou patisipe nan yon aktivite edikatif pou amelyore konpetans debaz ou yo ak.oswa pou w sa obteni yon diplòm ekivalan a yon diplòm segondè. Gen anpil chans tou pou yo mande w patisipe nan aktivite travay, eksperyans travay oswa lòt aktivite ansanm avèk aktivite edikatif la. Fè travayè sosyal ou a konnen si ou entereze patisipe nan yon aktivite edikatif.

Si w panse ou pap ka konfòme ak kèk oswa tout egzijans travay yo poutèt vyolans domestik, ou ka kalifye pou yon egzanpsyon pou egzijans sa yo. Pou mande pou yon egzanpsyon, se pou w ranpli Fòm Evelyasyon sou Vyolans Domestik la (Domestic Violence Screening Form) oswa avize travayè sosyal ou a ke w vle wè yon lyezon vyolans domestik pou yon evalyasyon.

Si w gen yon andikap fizik oswa andikap onivo sante mantal ki vreman limite youn oswa plizyè aktivite enpòtan nan vi w, si w gen yon dosye sou andikap sa a oswa yo konsidere w kòm yon moun ki gen andikap sa a, ou ka gen dwa dapre Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1973 la (Rehabilitation Act of 1973) ak Tit II Lwa 1990 pou Ameriken ki gen Enfimite (Americans with Disabilities Act of 1990). Andikap fizik oswa andikap sante mantal enkli, pa egzanp, andikap pou aprann, retadasyon mantal, depresyon, andikap pou fè mouvman, ak andikap nan tande oswa nan vizyon. Si w gen yon andikap, sa pap diskalifye w pou w resevwa Asistans Tanporè.

Depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pral mande w si gen nenpòt bagay, menm yon andikap fizik oswa yon andikap sante mantal, ki ka afekte kapasite w pou patisipe nan aktivite travay, ak amplwa tou. Ou pa oblige fè depatman sèvis sosyal nan zòn ou an konnen w gen yon andikap si w pa vle, sepandan, ou ka gen pou w patisipe nan aktivite travay, ki enkli amplwa, san yon akomodasyon pou andikap ou a. Nenpòt enfòmasyon sou lasante w ke w bay depatman sèvis sosyal nan zòn ou an, enfòmasyon sa a pral rete konfidansyèl e yo pral itilize l pou detèmine si w bezwen sèvis ak akomodasyon rezonab pou ede w patisipe nan aktivite travay yo. Akomodasyon rezonab ka enkli, pa egzanp, è travay ki diminye oswa yo chanje defason pou facilite randevou ki gen rapò ak andikap, lokal travay ki aksesib pou moun ki gen andikap nan fè mouvman, ak pwogram espesyalize. Si yo dokimante andikap ou kòmsadwa, depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pral mete w nan aktivite travay ki konsistan avèk limit ou genyen yo.

Si w pa dakò avèk aktivite travay yo deziyen pou ou a oswa w panse ou pa ka fè travay la poutèt ou gen pwoblèm sante ki limite w, e menmsi w panse depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pa akomode andikap ou kòmsadwa, ou ka mande pou yon konferans pou konsilyasyon. Yon konferans pou konsilyasyon se yon reyinyon ak anplwaye depatman sèvis sosyal nan zòn ou a pou pale de rezon ki fè w pa dakò ak aktivite travay yo ba w la. Yon moun ki pa reskonsab ka w la dirèkteman ap nan konferans lan. Moun sa a ap eseye rezoud nenpòt pwoblèm. Si w mande yon konferans pou konsilyasyon, ou fèt pou toujou kontinye fè aktivite travay yo ba w la. Ou ka mande tou pou yon Odyans san Patipri pou w fè yon Jij Dwa Administratif konnen w pa dakò ak travay yo ba w la. Si yo mete w nan yon pwogram travay oswa yon pwogram pou fòmasyon ke yon òganizasyon reliye òganize, se dwa w pou resevwa sèvis ki gen menm valè e ke yon lòt founisè ofri.

Si depatman sèvis sosyal nan zòn ou an ba w yon aktivite travay epi w pa fè sa yo mande pou w fè a, yo ka ba w yon opòtinite pou mande yon konferans pou konsilyasyon. Yon konferans pou konsilyasyon se yon reyinyon ak anplwaye depatman sèvis sosyal nan zòn ou a pou pale de rezon ki fè w pat patisipe. Si depatman sèvis sosyal nan zòn ou an deside ou te gen yon bon rezon pou w pat patisipe lè yo te mande w pou w patisipe a, yo ka pa pran sanksyon kont oumenm pou sa. Si w pa dakò ak depatman sèvis sosyal nan zòn ou an ki fè konnen ou pat gen yon bon rezon pou w pa patisipe, oswa si w pa mande yon konferans pou konsilyasyon lè yo ofri w youn, epi depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pran sanksyon kont oumenm, ou ka mande pou yon Odyans san Patipri tou, pou w ka di yon Jij Dwa Administratif poukisa w pat patisipe.

Se pou fè depatman sèvis sosyal nan zòn ou an konnen si w bezwen èd avèk depans, tankou swen pou timoun oswa transpò defason pou w patisipe nan aktivite travay, e menm anplwa. Si w endike w bezwen èd avèk depans ki gen rapò ak nenpòt anplwa oswa aktivite travay, depatman sèvis sosyal nan zòn ou an va enfòme w sou kouman pou gen aksè a sèvis ki disponib yo e li va bay ranbousman pou kouvri depans distrik la detèmine ki nesesè pou w patisipe nan aktivite travay yo. Si w pa ka jwenn swen pou timoun pou yon timoun ki poko gen trèz (13) an, depatman sèvis sosyal nan zòn ou an ka ede w jwenn li.

Pou Benefis Koupon pou Achte Manje

Si w pa dakò w ka travay, ou dwe fè depatman sèvis sosyal nan zòn ou an konnen ou panse yo ta dwe ba w eskiz pou patisipasyon nan aktivite pou travay. Y ap fè w konnen ki desizyon depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pran konsènan demann ou an. Si depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pa dakò avèk ou, ou ka mande yon Odyans san Patipri pou w ka di yon Jij Dwa Administratif poukisa w panse ou pa ka travay la.

Si yo di w oblige patisipe nan aktivite travay ki gen rapò ak koupon pou achte manje, ou ka jwenn èd pou peye pou kèk depans ki gen rapò ak travay. Ou ka resevwa asistans pou depans pou swen pou timoun tou.

Ou dwe fè depatman sèvis sosyal nan zòn an konnen si w bezwen èd pou swen pou timoun oswa pou w peye pou depans ki gen rapò ak travay, tankou transpò. Si w pa ka jwenn swen pou timoun pou yon timoun ki poko gen trèz (13) an, depatman sèvis sosyal nan zòn ou an ka ede w jwenn li.

Pou Asistans Medikal

Ou pa bezwen ap travay pou w gen Asistans Medikal. Sepandan, pou yon moun kalifye pou Pwogram Peye Medicaid pou Moun kap Travay ki Andikape, se pou moun sa a ap travay.

7. DWA TIMOUN AK PAPA YO LÈ SE NAN TRIBINAL YO ETABLÌ PATÈNITE

Lè se yon tribinal ki deside kiyès ki papa yon timoun, papa ak pitit la gen dwa sa yo, menm jan yo esplike yo anba la a:

- | | |
|--|---|
| A. Timoun nan ka gen dwa pou li gen: <ul style="list-style-type: none"> • Benefis enfimite si papa a vin enfim • Benefis lanmò si papa a mouri • Yon eritaj lè papa a mouri • Peman sipò pou timoun jiskaske timoun nan gen 21 an | B. Papa a gen dwa pou li gen: <ul style="list-style-type: none"> • Responsabilite timoun nan • Rann timoun nan vizit • Patipise nan nenpòt ki plan pou swen nouris, adopsyon oswa lòt planifikasyon sou pèmanans pou timoun nan • Resevwa eritaj nan byen timoun nan |
|--|---|

8. DWA SOU PATÈNITE AK AKSYON LEGAL AK REPREZANTASYON POU SIPÒ POU TIMOUN

Ou gen dwa pou yo fè w konnen si gen nenpòt aksyon nan tribinal pou patènité oswa pou sipò pou timoun ki gen rapò avèk oumenm oswa pitit ou. Ou gen dwa pou yo fè w konnen ki lè, ki dat ak ki kote aksyon nan tribinal sa yo ap fèt. Ou gen dwa epi yo ka egzije w pou w parèt nan tribinal lè gen nenpòt aksyon k ap fèt pou patènité oswa pou sipò pou timoun epi ki gen rapò ak oumenm oswa pitit ou.

Si gen nenpòt aksyon k ap fèt, nan tribinal, pou patènité oswa pou sipò pou timoun, depatman sèvis sosyal nan zòn ou a, ap gen yon avoka oswa yon lòt reprezantan ki pral eseye pwouve kiyès ki papa piti ou a **sèlman**. Avoka oswa lòt reprezantan sa a reprezante depatman sèvis sosyal nan zòn ou a sèlman, men li **pa** reprezante oumenm pèsonèlman. Avoka oswa reprezantan sa a **pap** okipe okenn kesyon sou moun k ap responsab timoun nan, vizit ni okenn lòt kesyon legal ki pa gen rapò ak sipò pou timoun.

Nenpòt ki enfòmasyon ou bay avoka sa a oswa reprezantan nan, **ka pa** rete an sekrè. Yo ka rapòte nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak fwòd ki fèt nan pwogram byennèt sosyal (welfare).

Si w panse ou bezwen yon avoka pou ede w, ou ka jwenn youn san w pa peye si w rele Legal Aid oswa Biwo Sèvis Legal nan zòn ou an. Pou w ka jwenn non lòt avoka, rele Bawo Avoka ki nan zòn ou an.

Si w panse ke konfòmite a detèminasyon patènite oswa ranfòsman sipò pou timoun pral mete oumenm oswa pitit ou andanje poutèt vyolans domestik, ou ka kalifye pou yon egzanpsyón tanporè pou sèten oswa tout aktivite sipò pou timoun yo. Pou w gen yon egzanpsyón, se pou w ranpli Fòm Evalyason Vyolans Domestik la (Domestic Violence Screening Form) oswa avize travayè sosyal ou ke w vle wè yon lyezon vyolans domestik pou yon evalyasyon.

9. DWA POU SWEN TIMOUN

Ou gen **dwa pou yo ba w enfòmasyon** pou w ka jwenn kote yo bay swen pou timoun. Gen plizyè jan yo ka ba w enfòmasyon sa a.

- Travayè sosyal la ka ba w non ak nimewo telefòn Pwogram pou Resous ak Referans pou Swen pou Timoun (Child Care Resource and Referral Program) oswa lòt pwogram ki membran jan an epi ki ka ede w jwenn kote yo bay swen pou timoun; **oswa**
- Travayè sosyal la ka ba w yon lis ki gen non, adrès ak nimewo telefòn kote yo bay swen pou timoun.
- Ou gen **dwa chwazi** kote w vle ki bay pitit ou a swen pou timoun. Moun sa a ka yon founisè ki gen lisans oswa ki anrejistre oswa li ka yon mamm fanmi w, yon zanmi fanmi w oswa yon vwazen ou fè konfyans. Si w chwazi yon moun ki pa gen lisans oswa ki pa anrejistre, yo pral gen pou ranpli yon fòm enskripsyon pou swen pou timoun pou wè si yo kalifye pou resevwa peman.

Ou gen dwa pou w chwazi swen pou timoun nan plas Asistans Tanporè (Temporary Assistance: TA). Ou ka deside ke olye pou resevwa TA, sa w vreman bezwen se èd nan peye swen pou timoun. Fanmi k ap aplike pou oswa k ap resevwa TA e ki bezwen swen pou timoun defason pou yo travay, ka kalifye pou yon garanti swen pou timoun pou fanmi k ap travay. Kalifikasyon pou garanti swen pou timoun sa a **pa** gan yon tan limit de 60 mwa. Ou ka kontinye resevwa benefis swen pou timoun toutotan w kalifye.

Ou kalifye pou garanti sa a si w ap aplike pou TA e w chwazi swen pou timoun olyede TA oswa si w ap resevwa TA e w mande pou yo fèmen dosye TA w la, e:

- Revni w nan limit TA yo;
- W ap travay kantite èdtan TA egzije yo;
- Ou bezwen swen pou yon timoun ki poko gen 13 zan defason pou w ka travay;
- W ap itilize yon founisè swen pou timoun ki kalifye.

Si w kalifye pou TA e w deside ke tout sa w vreman bezwen se swen pou timoun, travayè sosyal ou a ka di w kouman pou aplike pou garanti swen pou timoun lan. Si w déjà ap resevwa TA e ke w kalifye pou pwogram lan otreman, w ap bezwen fèmen dosye TA w la defason pou w resvwa garanti swen pou timoun lan. Si w chanje lide e w deside w bezwen Asistans Tanporè, w ap ka aplike a nenpòt ki moman.

Si w chwazi pou resevwa asistans swen pou timoun olye pou w resevwa TA ak swen pou timoun, w ap gen pou w peye yon pati nan depans pou swen pou timoun yo. Yo rele sa patisipasyon fanmi w oswa frè. Montan w peye a depann de kantite revni w genyen. Anplisdesa, si founisè w la chaje plis pase pri lòt yo chaje, w ap gen pou peye montan founisè swen pou timoun ou an chaje ki depase pri lòt yo.

Ou ka toujou kalifye pou benefis Koupon pou Achte Manje menmsi w mande pou chanje aplikasyon w lan pou Asistans Tanporè pou yo ranplase I pa yon demann pou asistans pou swen pou timoun oswa pou fèmen dosye TA w la. Si w chanje aplikasyon w lan oswa w fèmen dosye TA w la pou w sa jwenn asistans pou swen pou timoun, lè sa a w ap resevwa yon detèminasyon apa sou kalifikasyon w pou benefis Koupon pou Achte Manje.

Si w aplike pou Asistans Medikal membran lè ke w te aplike pou Asistans Tanporè ak Koupon pou Achte Manje, e w deside pou resevwa asistans pou swen pou timoun sèlman, yo pral refere aplikasyon w lan bay pwogram Asistans Medikal la pou yo fè yon detèminasyon apa. Si w ap resevwa aktiyèlman Asistans Tanporè e w mande pou yo fèmen dosye w la, Asistans Tanporè w la pral kontinye amwenske w mande pou yo fèmen I oswa amwenske sikorans ou yo chanje kifé w pa kalifye toujou pou Asistans Medikal. Ou dwe pale avèk travayè sosyal ou a k ap travay sou dosye Asistans Medikal ou a, si w ap mande pou yo fèmen dosye w la akozde salè ki ogmante. Ou ka toujou kalifye pou Asistans Medikal oswa w ka kalifye pou Asistans Medikal Pwovizwa.

Se **dwa w pou mande pou yon Odyans san Patipri** si yo refize ba w benefis swen pou timoun, si yo diminye benefis ou yo oswa si yo diskontinye yo oswa si yo chaje w yon peman anplis.

Pou Moun K ap Resevwa Asistans Tanporè:

Yo pa ka **redwi ni sispann Asistans Tanporè w la** paske ou pap patisipe nan aktivite travay **si** rezon ki fè w pa patisipe a se paske w pa gen swen pou timoun **ki bon pou ou, ki pre lakay ou, ki abòdab epi ki bon pou yon timoun ki poko gen 13 an.**

Si w pa ka jwenn yon kote ki bay swen pou timoun poukout ou, travayè sosyal la fèt pou ba w **de (2) kote** ki bay swen pou timoun pou w **chwazi** ladan yo. Omwen, youn nan kote yo bay swen pou timoun sa yo dwe gen lisans oswa anrejistre ak Eta Nouyòk la oswa Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal Eta Nouyòk la.

Ou gen **dwa pou pa patisipe nan aktivite travay ou a si w gen yon timoun ki poko gen 13 an epi w pa ka jwenn yon kote ki bay swen pou timoun **ki bon pou ou, ki pre lakay ou, ki abòdab epi ki bon pou yon timoun.**** Men, yap toujou kalkile kantite tan yo ba w eskitz pou w pa patisipe nan aktivite travay la nan limit 60 mwa gouvenman federal la fè ap sipòte w epi ap ba w lajan kach pou Asistans Tanporè.

- **Bon pou ou** vle di kote kap bay swen a louvri lè ak jou w gen pou w fè aktivite travay ou a, epi kote sa a dakò pou l bay pitit ou a swen menm lè pitit ou a bezwen swen espesyal.
- **Pre lakay ou** vle di, ou ka rive kote y ap bay swen an nan machin ou oswa nan transpò publik epi kote sa a a yon distans rezonab ak lakay ou epi ak kote w travay la. Travayè sosyal la dwe di w kisa ki pa twò lwen zòn kote w rete a.
- **Ki bon pou timoun** nan vle di, eta fizik ak mantal yon moun kap bay swen ki gen dispans legalman (pa ofisyèl), oswa eta fizik yon kay ki gen dispans legalman, pa tap nwizib pou lasante oswa sekirite timoun ou yo. exempt
- **Abòdab** vle di, ou gen ase kòb pou w peye pati kòb pa w la pou swen timoun lan, si yo mande w pou w peye yon pati nan pri swen timoun nan koute a.

Ou gen **dwa pou w mande yon Odyans san Patipri pou diskite desizyon pou redwi oswa sispann Asistans Tanporè w la** si w santi travayè sosyal la te pran yon move desizyon poutèt ou te refize travay paske yo pat ba w ase lajan pou okipe timoun ou an.

10. DWA SOU PEMAN PÒSYON NAN LAJAN SIPÒ YO BAY MOUN K AP RESEVWA ASISTANS AK PEMAN SIPÒ ANPLIS – ASISTANS TANPORÈ

Lè w aplike pou Asistans Tanporè, ki enkli Asistans Fanmi ak Asistans Filè Sekirite, epi toutotan w ap resevwa Asistans Tanporè a, ou bay depatman sèvis sosyal nan zòn ou a dwa ou genyen pou resevwa peman lajan sipò onon ou ak nenpòt dwa pou sipò onon nenpòt manm fanmi ou w ap aplike pou li a oswa k ap resevwa asistans, sepandan li **limite** a montan sipò ki akimile pandan oumenm oswa manm fanmi w ap resevwa Asistans Tanporè.

Efektif 1ye oktòb 2009, lè ou aplike pou Asistans Tanporè, epi toutotan w ap resevwa Asistans Tanporè a, ou bay depatman sèvis sosyal nan zòn ou a dwa ou genyen pou resevwa peman lajan sipò onon pa w ak nenpòt dwda pou sipò onon nenpòt manm fanmi ou w ap aplike pou li a oswa k ap resevwa asistans, sepandan li **limite** a montan sipò ki akimile pandan oumenm oswa manm fanmi w ap resevwa Asistans Tanporè.

Pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans yo: Y ap ba w yon pòsyon nan nenpòt lajan sipò pou timoun yo kolekte pou obligasyon aktyèl tribinal la ódone a, lè yo peye l alè, anplisde sibvansyon Asistans Tanporè pa mwa a. Pòsyon peman sipò pou timoun yo ba w la rele "peman pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans yo [pass-through payment]". Peman pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans yo se kantite ki mwens pase montan jiska premye \$100 nan lajan sipò aktyèl ou kolekte chak mwa a oswa montan yo kolekte pou obligasyon tribinal la ódone chak mwa a. Efektif 1ye janvye 2010, peman pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans yo ki se \$100, pral kontinye fèt si gen yon moun ki gen mwenske 21 lane e ki aktif nan ka Asistans Tanporè a. Si gen de oswa plizyè moun ki gen mwenske 21 lane ki aktif nan mem dosye Asistans Tanporè a, peman pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans yo pral ogmante pou l pa depase yon montan jiska premye \$200 sipò aktyèl yo kolekte chak mwa a oswa montan yo kolekte pou obligasyon tribinal la ódone pa mwa a. Yo pap konte pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans yo nan kantite sibvansyon Asistans Tanporè yo ba w la, men pòsyon lajan sa a ka redwi Benefis Koupon pou Achte Manje ou jwenn nan.

Lè depatman sèvis sosyal nan zòn lajan sipò w genyen koulye a, y ap voye yon Rapò sou Sipò yo Resevwa Chak Mwa a ba ou. Rapò sa a pral fè w konnen si w pral resevwa pòsyon nan lajan sipò yo bay moun kap resevwa asistans yo oswa si w pap resevwa li, ki kantite li ye epi poukisa. Ou dwe konpare rapò sa ak resi benefis ou yo pou mwa sa a.

Ou pral resevwa peman pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans yo mwa apre depatman sèvis sosyal nan zòn ou an resevwa peman sipò ki ajou pou ou. Yo peye pòsyon nan lajan sa a yon fwa pa mwa.

Yon peman sipò « ajou » si yo peye li nan mwa yo dwe fè peman an. Yon paran ki pa anchaj ka peye yon lajan sipò alè, men depatman sèvis sosyal nan zòn ou a ka resevwa li anreta. Sa ka rive si yon patwon ap retire lajan sipò a sou chèk travay paran ki pa reskonsab li epi patwon an voye lajan sa a an reta. Lajan sipò a ka rive anreta tou si paran ki pa reskonsab la ap peye lajan sipò a nan yon lòt konte oswa yon lòt eta, epi biwo a voye peman an anreta. Depi paran ki pa reskonsab la peye lajan sipò pou mwa li dwe li a, epi depatman sèvis sosyal nan zòn ou a resevwa li, y ap peye pòsyon nan lajan sipò yo bay moun kap resevwa asistans yo.

Sipò Anplis: Peman: Koleksyon lajan sipò yo deziyen pou timoun ke yo resevwa, yo pral peye l bay Leta ak bay depatman sèvis

sosyal nan zòn ou an pou rambousman jiska montan total pou Asistans Tanporè ke yo deja peye w la. Se dwa w pou resevwa nenpòt sipò yo kolekte ki **anplis de** montan total pou Asistans Tanporè yo peye w la, anplisde nenpòt peman pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans yo ke w gen dwa pou resevwa.

Revizyon nan Biwo: Si w panse ke w ka gen dwa pou w resevwa yon peman pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans yo oswa w ka gen dwa pou w resevwa sipò anplis, ou ka rele **1-888-208-4485** pou w pran yon fòm pou w mande yon Revizyon nan Biwo pou peman w yo. Se pou w mande yon Revizyon nan Biwo touswit apre w panse yo fè yon erè paske yon Revizyon nan Biwo nan Premye Nivo kouvri sèlman peman pou ane kalandriye lè w fè demann ou an ak ane anvan ane demann ou an. Apre w fin voye fòm konplè a ak dokimantasyon yo, depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pral revwa dosye w la e li pral voye yon repons alekri ba ou sou 45 jou kalandriye apatide dat yo te resevwa demann ou an; oswa selon sèten sikontans, sou 75 jou kalandriye. Antanke yon pati nan Revizyon nan Biwo sa a, ou pral anmezi pou bay anplwaye revizyon nan biwo yo ki pral revwa dosye awopriye yo, enfòmasyon an ak nenpòt enfòmasyon w bay pou yon fè yon detèminasyon pou konnen si yo dwe w nenpòt sipò pou timoun. Ou ka mande pou yo ede w jwenn enfòmasyon pou pwouve yo dwe w plis lajan.

Si apre Revizyon nan Biwo nan Premye Nivo a konplete, ou pa satisfè ak detèminasyon an, ou ka mande pou yon Revizyon nan Biwo nan Dezyèm Nivo; pou fè sa se pou ranpli Fòm Revizyon nan Biwo nan Dezyèm Nivo ke yo ba w ansanm avèk detèminasyon Revizyon nan Biwo nan Premye Nivo w la. Se pou fè demann pou Revizyon nan Biwo nan Dezyèm Nivo a sou 20 jou apatide dat detèminasyon Revizyon nan Biwo nan Premye Nivo a. Revizyon nan Biwo nan Dezyèm Nivo se yon revizyon OTDA dirije sou detèminasyon nan Premye Nivo a e sou nenpòt dokimantasyon anplis ke w bay men ki pat disponib anvan. NYS OTDA pral dirije revizyon an e li pral mete w okouran de detèminasyon yo sou 30 jou apatide dat demann ou an. Si w gen nenpòt kesyon sou pwosesis sa a oswa w bezwen yon kopi anplis pou fòm demann Revizyon nan Biwo nan Dezyèm Nivo a, ou ka rele 1-888-208-4485.

11. DWA W GENYEN POU MANDE POU YO METE RESTRIKSYON SOU PEMAN ASISTANS TANPORÈ

Si w ap aplike oswa w ap resevwa Asistans Tanporè nan yon Pwogram Asistans pou Fanmi, ou gen dwa mande depatman sèvis sosyal nan zòn ou a pou li « **mete restriksyon** » sou tout oswa yon pati nan kòb Asistans Tanporè w la pou peye bòdwo tankou chofaj, Iwaye, oswa lòt sèvis dirèkteman. Pou « **mete restriksyon** » sou Asistans Tanporè w la vle di y ap peye yon lòt moun yon pati nan kòb Asistans Tanporè w la.

Pa ekzanp, si w mande depatman sèvis sosyal nan zòn ou a pou li mete restriksyon sou kòb Iwaye w la, yap voye kòb sa a chak mwa dirèkteman bay moun ki lwe w kay la olye yo ba w benefis lajan kach Asistans Tanporè a ba w la. Pou w mande pou yo mete restrolsupm spi Asistans Tanporè w la, mande yon fòm « Demann pou Mete Restriksyon sou Peman Volontèman » (Request For Voluntary Restricted Payments). Ranpli fòm demann nan epi voye li tounen bay depatman sèvis sosyal nan zòn ou a.

Ou ka sispann yon restriksyon volontè; pou fè sa, se pou voye yon lèt ba depatman sèvis sosyal nan zòn ou an. Depatman sèvis sosyal ki nan zòn ou an gen 30 jou apre li fin resevwa demann pa ekri w la pou li sispann restriksyon volontè a. Sepandan, depatman sèvis sosyal nan zòn ou an ka deside pou l mete restriksyon sou tout oswa sou yon pati nan sibvansyon pou facilite administrativ.

Si w mande pou yo mete restriksyon sou kòb yap ba w la pou peye bòdwo chofaj ak/oswa bòdwo kouran lakay ou, y ap mete restriksyon sou lajan chofaj la ak lajan kouran lakay ou a sèlman. Omwen yon fwa pa ane, depatman sèvis sosyal nan zòn ou an ap konpare bòdwo kouran w yo ak kantite kòb yo retire sou lajan yo te konn ba w la. Si kòb bòdwo yo mwens pase kantite kòb yo te retire a, depatman sèvis sosyal nan zòn ou an ap ba w kòb anplis la. Si montan bòdwo a plis pase kantite kòb yo te retire a, yo pral rekiperé diferans lan nan kòb y ap ba w pou Asistans Tanporè alavni.

Depatman sèvis sosyal ki nan zòn ou an gen dwa refize mete restriksyon sou peman ou lan, si kantite lajan Asistans Tanporè yo ba w la mwens pase kòb bòdwo ou dwe a.

Ou ka mande pou yo mete restriksyon sou peman yo menm si se pa pwogram Asistans pou Fanmi an kap ba w Asistans Tanporè a.

12. DWA W GENYEN SI YO SISPÈK W AP BAY FO DOKIMAN

Si w vin konnen y ap fè yon ankèt sou ou paske travayè sosyal la panse w ap bay manti sou ka w la, outa dwe pale ak yon avoka. Si yo akize w fè fwòd kont byennèt sosyal nan tribal kriminèl, si w kalifye, tribal la ka ba w yon avoka gratis pou rezante w.

13. DWA W GENYEN POU W ENSKRI POU VOTE

Nenpòt moun ki ta renmen enskri pou vote, kit y ap aplike pou asistans oswa kit yo pap aplike, moun sa a ka jwenn yon fòm Anrejistreman pou Vote e li ka jwenn èd pou l ranpli Fòm sa a nan yon biwo gouvènman k ap aksepte aplikasyon pou benefis ki dekri nan liv sa a. Biwo sa a pral aksepte tou yon Fòm Anrejistreman pou Vote ki ranpli okonplè e li pral voye l ba konsèy elektoral nan zòn ou an. Pou plis enfòmasyon, ou ka kontakte Konsèy Elekteral Leta Nouyòk la nan 1-800-FORVOTE (367-8683).

14. DWA W GENYEN KONSÈNAN ÒGANIZASYON RELIYE K AP BAY SÈVIS

Si gen yon òganizasyon reliye k ap bay nenpòt nan sèvis oswa benefis yo bay yo, ou gen dwa pou jwenn sèvis ki gen men valè ak sèvis òganizasyon reliye a ap ba w la yon lòt kote differan.

RESPONSABLITE W YO

1. RESPONSABLITE JENERAL

Si w ap aplike, oswa w ap resevwa Asistans Tanporè, Asistans Medikal, Benefis Koupon pou Achte Manje, Sèvis, benefis Swen pou Timoun oswa lòt èd, ou dwe:

- Reponn tout kesyon yo nèt epi pa bay manti. Si w bay repons ki pa vre yo ka pran sanksyon kont ou, epitou yo ka menm pran sanksyon sivil oswa kriminèl kont ou;
- Gen yon entèvyou. Si w rate yon entèvyou san w pa di travayè sosyal la sa, yo ka refize aplikasyon w lan oswa yo ka fèmen dosye w la. Si w rate yon entèvyou epi w ta renmen pran yon lòt randevou, se Responsablite pa w pou w di travayè sosyal la sa.
 - Pou benefis Koupon pou Achte Manje, planifye pou yon entèvyou ke w rate anvan 30yèm jou apre dat ou te aplike a pou evite w pèdi Benefis Koupon pou Achte Manje yo.
 - Pou benefis swen timoun, si w ap aplike sèlman pou benefis swen timoun, ou ka aplike pa lapòs. Si travayè sosyal ou a pa ka wè si w kalifye dapre sa w te voye pa lapòs la, yo ka mande w pou vin fè yon entèvyou.
 - Pou Asistans Medikal, yo fè yon entèvyou pèsònèl avèk ou oswa avèk reprezantan w lan. Si w pap aplike pou swen alontèm, se yon moun ki fasilite anrejistreman ki ka fè entèvyou a avèk ou.
- Bay travayè sosyal la papye yo ak enfòmasyon ki nesesè pou detèmine si w ka resevwa èd. Si w pa ka jwenn papye yo ak enfòmasyon an, se pou travayè sosyal ou a eseye ede w;
- Si w ka travay, e w ap aplike pou Asistans Tanporè, se pou w aksepte nenpòt travay yo ofri w e ke w ka fè, menmsi travay sa a ap peye w mwens pase sa Asistans Tanporè a bay. Asistans Tanporè va peye w yon sibvansyon anplis si w bezwen l.
- Si w se yon manm fanmi ki bay swen e ki pa gen responsablite legal, e w ap aplike pou Asistans Tanporè pou timoun minè e w pap resevwa Asistans Tanporè poutèt ou, se pou w soumet sèten enfòmasyon pèsònèl gouvènman federal egzije nou kolekte e rapòte.
- Si timoun minè k ap aplike oswa k ap resevwa Asistans Tanporè gen frè oswa sè ki pap aplike oswa ki pap resevwa Asistans Tanporè, men frè ak sè sa yo se timoun minè tou epi yo abite nan menm kay la, ou fèt pou bay kék enfòmasyon sou timoun ki pap resevwa Asistans Tanporè yo. Gouvènman federal la egzije pou nou kolekte epi pou nou rapòte enfòmasyon sa yo.
- Ou fèt pou w aplike oswa chèche jwenn nenpòt benefis ki ta diminye ak/oswa elimine bezwen w pou resevwa Asistans Tanporè.

2. RESPONSABLITE W GENYEN POU BAY ENFÒMASYON KI LAVERITE EPI KI KÒRÈK

Lè w ap aplike oswa ap resevwa èd, oswa lalwa pa rekònèt ou tankou yon manm fanmi responsab epi k ap pran swen yon timoun, epi w ap aplike pou Asistans Tanporè pou timoun ki poko gen dizwit (18) an, men ou pap resevwa Asistans Tanporè pou tèt pa w, y ap mande w pou w bay prèv sou kék bagay tankou sa ki ekri nan « **Responsablite W Yo** », nan **Seksyon 3**, « **Responsablite Ou Genyen Pou Bay Prèv** ».

Si w ap aplike oswa w ap resevwa Asistans Tanporè oswa Benefis Koupon pou Achte Manje, epi yo dekouvi oumenm oswa yon lòt moun ki sou dosye w la bay manti oswa sere lajan, sa w genyen an oswa resous ou genyen an, ou ka pèdi Asistans Tanporè a oswa Benefis Koupon pou Achte Manje a. Yo rele sa **Vyolasyon Entansyonèl Pwogram nan (Intentional Program Violation: IPV)**.

Si yon tribunal oswa yon Odyans Administratif yon Leta jwenn ou komèt yon IPV, yap « diskalifye w ». Sa vle di w pap resevwa Asistans Tanporè ak Benefis Koupon pou Achte Manje pandan yon bout tan. Kantite tan an ap depann de si w resevwa Asistans Tanporè oswa Benefis Koupon pou Achte Manje yo epi si yo deklare w koupab pou yon IPV anvan sa epi sa ap depann de kantite lajan vyolasyon an.

Anplis pèdi asistans lan, si yo jwenn ou fè yon IPV, w ap oblige remèt sèvis sosyal nan zòn ou an, kòb oswa Benefis Koupon pou Achte Manje ou pat dwe resevwa yo.

W ap gen swa pou repeye lajan an oswa Benefis Koupon pou Achte Manje a oswa lè w rekòmanse resevwa benefis ou yo, yo pral diminye yo jiskaske w fin repeye sa a dwe a. Si w abite avèk lòt moun e lòt moun yo kontinye resevwa benefis pandan w diskalifye, lòt moun yo ka resevwa mwens benefis tou.

Si w diskalifye pou pa resevwa Asistans Tanporè, yo pral revwa kalifikasyon w pou Benefis Koupon pou Achte Manje, defason pou yo detèmine si w kalifye pou w kontinye resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje. Yo ka revwa kalifikasyon w pou Asistans Medikal pou detèmine si w kalifye pou w kontinye resevwa Asistans Medikal.

Si yon tribunal federal oswa tribunal leta kondane w paske w te fè move deklarasyon oswa w te bay manti sou kote w rete a pou w ka resevwa Asistans Tanporè oswa Benefis Koupon pou Achte Manje nan de (2) eta oswa plis an menm tan, y ap diskalifye w pou dis (10) an.

Si lè w t ap aplike oswa resevwa benefis swen pou timoun nan, ou pat bay bon jan enfòmasyon, w ap oblige remèt nenpòt ki benefis ou pat kalifye pou yo. Si yo kondane w paske w fè fo dokiman, yo ka ba w lòt pinisyon anplis.

Si w ap resevwa asistans swen timoun oswa w te resevwa asistans swen timoun e dosye w la fèmen, e yo detèmine w koupab oswa w admèt volontèman ke w te resevwa asistans pou swen timoun nan move kondisyon, yo pral sispann oswa tèmine sèvis swen timoun yo ba w yo e w pap kalifye pou sèvis swen timoun apre pou yon peryòd selon peryòd tan yo etabli pou Vyolasyon Entansyonèl Pwogram ki liste pi b a a.

SANKSYON POU VYOLASYON ENTANSYONÈL (IPV) NAN PWOGGRAM ASISTANS TANPORÈ A:

Si w komèt yon IPV nan pwogram Asistans Tanporè, ou pap ka resevwa Asistans Tanporè dapre kondisyon sa yo:

- Yo Diskalifye w pou 6 mwa si se
 - premye IPV ou komèt, epi
 - IPV a mwens pase \$1,000
- Yo Diskalifye w pou 12 mwa si se
 - Dezyèm IPV ou komèt, oswa
 - IPV a ant \$1,000 ak \$3,900
- Yo Diskalifye w pou 18 mwa si se
 - Twazyèm IPV ou komèt, oswa
 - IPV a plis pase \$3,900
- Yo Diskalifye w pou 5 an si se katriyèm enfraksyon oswa si w te fè youn touswit anvan

Nenpòt ki moun ki fè yon move deklarasyon sou idantite li oswa kote li rete pou I ka resevwa plizyè benefis Asistans Tanporè pap ka resevwa Asistans Tanporè pandan dis (10) an.

Nenpòt ki moun k ap sove pou yo pa mennen yo nan tribunal, pou yo pa mete yo sou siveyans, oswa pou yo pa mete yo nan prizon pou krim, oswa ki pa respekte kondisyon pwobasyon oswa siveyans, pa kalifye pou resevwa Asistans Tanporè.

SANKSYON POU VYOLASYON ENTANSYONÈL (IPV) NAN PWOGGRAM ASISTANS MEDIKAL LA:

Pwogram Asistans Medikal la pa gen pwòp IPV I. Moun ki selibatè ak koup ki pa gen timoun ki diskalifye pou pwogram Asistans Tanporè poutèt yon IPV pa kalifye nonplis pou Medicaid. Yo pral detèmine apa kalifikasyon pou tout lòt aplikan/moun k ap resevwa benefis ki diskalifye pou yon IPV Asistans Tanporè (TA).

SANKSYON VYOLASYON ENTANSYONÈL (IPV) NAN PWOGGRAM KOUPEON POU ACHTE MANJE:

Si w komèt yon IPV nan Pwogram Benefis Koupon pou Achte Manje, ou pap ka jwenn Benefis Koupon pou Achte Manje dapre kondisyon sa yo:

- Yo diskalifye pou yon an si se
 - premye IPV a
- Yo Diskalifye w pou de (2) ane si se
 - Dezyèm IPV a
- Yo Diskalifye w nèt si se
 - Twazyèm IPV a.
- Nan kèk sikontans, yon tribunal ka anpeche yon moun resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje pou yon 18 mwa anplis.

Si yon tribunal jwenn yon moun koupab paske moun nan vann oswa achte **zam, bal oswa bonm** pou yo ka resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje, moun nan pap janm ka resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje ankò.

Si yon tribunal jwenn yon moun koupab paske moun nan ap achte oswa vann **sibstans ki kontwole** (dwòg ki pa legal oswa lòt medikaman ki mande preskripsyon yon doktè) pou yo ka gen Benefis Koupon pou Achte Manje, moun nan pap ka resevwa Koupon pou Achte Manje pandan 2 an pou premye enfraksyon an epi y ap sispann bay moun nan koupon pou achte manje nèt

nan dezyèm enfrakson an.

Si yon tribinal jwenn yon moun koupab poutèt moun nan fè trafik ki vo \$500 oswa plis ak Benefis Koupon pou Achte Manje, moun nan pap janm resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje ankò. Fè trafik se lè w sèvi, fè transfè, fè echanj, oswa posede kat otorizasyon, oswa aparèy ki bay aksè ak Benefis Koupon pou Achte Manje ilegalman.

Nenpòt ki moun ki fè yon move deklarasyon sou idantite li oswa sou kote li rete pou li ka resevwa plizyè benefis Asistans Tanporè pap ka resevwa Asistans Tanporè pandan dis (10) an.

Nenpòt ki moun kap sove pou yo pa mennen yo nan tribinal, pou yo pa mete yo sou siveyans oswa pou yo pa mete yo nan prizon pou krim, oswa nenpòt ki moun ki pa respekte kondisyon pwobasyon oswa siveyans lan pa kalifye pou resevwa Asistans Tanporè.

3. RESPONSABLITE W GENYEN POU W BAY PRÈV

Lè w ap aplike pou w resevwa èd oswa lè w ap resevwa èd, yo pral mande w pou soumèt prèv sou kèk bagay tankou sa nou liste pi ba a: Travayè sosyal ou a pral fè w konnen kilès nan bagay sa yo ou **fèt** pou pwouve. Se pa tout bagay yo bezwen pou chak pwogram yo. Ou ka oblige bay kèk prèv sou yon pwogram men pa pou yon lòt yo. Si premye fwa w al fè aplikasyon pou asistans lan, ou pote prèv, yo ka jwenn èd pi vit.

Si w depoze dokiman nan depatman sèvis sosyal ki nan zòn ou a, mande pou yo ba w yon resi pou pwouve w te kite dokiman w yo. Se pou resi a gen non w sou li, se pou l gen make ladan I, dokiman espesifik ou depoze yo, lè, dat, non distrik la ak non travayè sèvis sosyal la ki te ba w resi a.

Si w pa ka jwenn prèv ou bezwen an, mande travayè sosyal ou a pou l ede w. Si depatman sèvis sosyal nan zòn ou a deja gen prèv sou bagay ki pa chanje yo, tankou nimewo sekirite sosyal ou, ou pa bezwen bay prèv sou yo ankò.

Remake: Nou liste pi ba a dokiman yo itilize leplisouvan yo; lis sa a pa konplè. Gen lòt dokiman yo ka itilize.

KISA YO KA MANDE POU W PWOUVE

KÈK EKZANP SOU KOUMAN POU W PWOUVE LI

- **Ki moun ou ye** Foto Idantite, lisans pou kondwi, paspò ameriken
- **Laj chak moun k ap aplike Moun ki nan kay la** Batistè oswa sètifikasi batèm, dosye lopital, lisans pou kondwi
- **Kote ou rete** Dènye resi lwaye, papye ipotèk, deklarasyon pwopriyetè kay kote ou rete a epi ki pa fanmi w la ekri
- **Depans pou Lojman** Dènye resi lwaye, fèm ki ajou, papye ipotèk, dosye enpo sou pwopriyete ak enpo eskolè, bòdwo dlo ak bòdwo sèvis tretman dlo sal, bòdwo gaz, bòdwo sèvis publik bòdwo telefòn
- **Nimewo Sekirite Sosyal** Kat Sekirite Sosyal oswa prèv ke w te aplike pou nimewo sekirite sosyal pou tout moun ki nan kay la k ap aplike pou èd.

REMAKE: Pou Asistans Tanporè, Benefis Koupon pou Achte Manje ak Pwogram Asistans Medikal, si nou mande w pou w bay nimewo sekirite sosyal ou, ou fèt pou soumèt nimewo a bannou si w gen youn. Si nou pa ka verifye nimewo w la avèk Administrasyon Sekirite Sosyal, w ap oblige soumèt prèv sou nimewo sekirite sosyal ou a. Si w pa gen yon nimewo sekirite sosyal, se pou w aplike pou youn pou w sa resevwa benefis.

Pou Pwogram Sèvis, gen kèk Sèvis, tankou swen nouris, pwoteksyon pou timoun, prevansyon pou timoun, ak konsèy, ki jwenn kòb nan men plizyè sous diferan; e plizyè nan sous sa yo mande pou soumèt yon nimewo sekirite sosyal. Menm jan yo ka pa egzije moun ki aplike pou sèten Sèvis pou yo bay nimewo sekirite sosyal, se konsa tou, ou ka pa ka resevwa Sèvis sa yo oumenm si w pa bay nimewo sekirite sosyal ou. Se pou sa n ap mande tout moun ki aplike, yon nimewo sekirite sosyal pou Sèvis sa yo, pou ede yo gen tout benefis yo kalifye pou resevwa yo.

- **Kondisyon Sitwayènte oswa Imigrasyon**

Batistè, paspò ameriken, papye sèvis militè, papye natiralizasyon, ak dosye Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon nan Etazini.

<p>REMAKE: <i>Pou Pwogram Benefis Koupon pou Achte Manje a</i>, yo dwe gen papye sitwayennté sèlman si gen dout. Depatman distrik sèvis sosyal nan zòn ou an dwe rapòte non, adrès, ak nenpòt enfòmasyon yo konnen sou idantite nenpòt ki etranje Sèvis Imigrasyon ak Naturalizasyon oswa Revizyon Chèf Biwo Imigrasyon, detèminen ki ilegal nan Etazini, tankou nan yon Lòd Depòtasyon Final. Yo ka pataje enfòmasyon sa a avèk Depatman Sekirite nan Peyi a. Kondisyon sa a pa aplike pou Asistans Medikal.</p> <p><i>Pou Pwogram Sèvis ya</i>, gen sèten Sèvis ki disponib sèlman pou moun ki gen kondisyon imigrasyon ki kòrèk. Kidonk, nou mande pou tout aplikan fè n konnen kondisyon imigrasyon yo defason pou detèmine pouki Sèvis moun k ap aplike a ka kalifye.</p> <p><i>Pou Benefis Swen Timoun</i>, ou dwe bay prèv nenpòt ki timoun k ap resevwa benefis swen ap viv legalman nan Etazini.</p>
--

REMAKE: *Pou Pwogram Asistans Medikal la*. Se pou yo dokimante idantite *ak* kondisyon sitwayènte oswa kondisyon imigrasyon ki satisfagan. Pou objektif kalifikasyon antanke sitwayen Ameriken, Etazini enkli 50 eta yo, Distrik Kolonbya, Pòtoriko, Guam, Zile Vyèj Etazini, ak Zile nan Maryana Dinò. Nasyonal ki soti nan Samoa Amerika oswa nan Zile Swain, yo konsidere yo tou kòm sitwayen ameriken pou objektif Medicaid.

Dokiman ki Etabli toulede, Sitwayènte ak Idantite

- Paspò ameriken;
- Sètifikasi naturalizasyon (N-550 oswa N-570);
- Sètifikasi Sitwayènte ameriken (N-560 oswa N-561).

Dokiman ki Etabli Sitwayènte men ki eqzije tou yon dokiman idantifikasyon ki sou lis Dokimantasyon sou Idantite a

- Batistè ameriken ki montre nesans nan: Youn nan 50 Eta nan Etazini yo, Distrik Kolonbya, Samoa Ameriken, Zile Swain, Pòtoriko (si nesans lan te fèt 13 janvye 1941 oswa apre dat sa a), Zile Vyèj Etazini (si nesans lan te fèt le 17 janvye 1917 oswa apre dat sa a), Zile Mariana Dinò (si nesans lan te fèt apre 4 novanm 1986 (lè lokal NMI), oswa Guam (si nesans lan te fè le 10 avril 1899 oswa apre dat sa a);
- Sètifikasi sou Rapò Nesans (DS-1350);
- Yon Rapò sou Nesans yon Sitwayen Ameriken aletranje (FS-240);
- Sètifikasi Nesans Depatman Leta emèt (Fòm FS-545 oswa DS-1350);
- Kat idantifikasyon sitwayènte ameriken (I-197 oswa I-179);
- Kat Endyen Ameriken (I-872);
- Kat Mariana Dinò (I-873);
- Evidans sou anplwa nan fonksyon publik pa gouvènman ameriken (avan 1ye jen 1976);
- Dokiman ofisyèl sou sèvis militè;
- Dekrè final sou adopsyon;
- Dosye resansom federal oswa leta; oswa
- Yo aksepte dokiman swivan yo si yo endike yon lye de nesans ki Ozetazini e si yo te fè yo omwen 5 an anvan dat aplikasyon an:
- Ekstrè dosye lopital ki prezante sou papye a antèt lopital la;
- Papye sou asirans vi, asirans medikal oswa lòt kalite asirans;
- Papye admision nan yon enstitisyon ki soti nan yon sant mezon retrèt, sant swen espesyalize oswa lòt enstitisyon; oswa
- Papye medikal (klinik, doktè, oswa lopital);

- Lòt dokiman: Youn nan dokiman sa yo e se pou yo endike yon lye de nesans Ozetazini:
 - Dosye resansman tribi Endyen Seneka;
 - Dosye resansman tribi Endyen Navajo ki soti nan Biwo Afè Endyen (Bureau of Indian Affairs);
 - Avi ofisyèl sou anrejistremen nesans ki soti nan Biwo Done Demografik Leta nan Etazini (U.S. State Vital Statistics);
 - Dosye publik nesans nan Etazini ki gen amannman ki fèt ladan I sa fè plis ke 5 an apre nesans moun lan; oswa Deklarasyon yon doktè oswa fam saj ki te prezan lè nesans lan siyen.
 - Deklarasyon sou sèman ki alekri (se pou yo itilize I sèlman nan sikontans ki ra yo).

Dokiman ki Etabli Idantite

- Sètifikasi sou Degre San Endyen, oswa lòt dokiman tribi natif natal Ameriken-Endyen nan Etazini/Alaska.
- Nenpòt dokiman didantite ke yo dekri nan Seksyon 27A(b)(1)(D) ki nan Lwa Imigrasyon ak Nasionalite (Immigration and Nationality Act: INA), tankou:
 - Yon lisans chofè ki valab e ke Leta oswa Teritwa a emèt swa avèk foto moun nan oswa lòt enfòmasyon ki idantifye moun nan tankou non, laj, sèks, ras, wotè, pwa, oswa koulè zye;
 - Kat idantite lekòl ki gen foto moun nan;
 - Kat militè nan Etazini oswa dosye sou sèvis militè;
 - Kat didantifikasyon gouvènman Federal, Leta oswa lokal emèt e ki gen menm enfòmasyon ki nan lisans chofè a;
 - Kat didantifikasyon pou depandan militè;
 - Dokiman sou tribi natif natal Ameriken; oswa
 - Kat Negosyan Lamarin nan Gad Kòt Etazini.

REMAKE: Pou timoun ki pi piti pase 16 zan, dosye lekòl ka enkli dosye gadri. Si okenn nan dokiman ki nan tablo anlè a pa disponib, yo ka itilize yon deklarasyon sou sèman. Yon deklarasyon sou sèman akseptab sèlman si yon paran oswa responsab legal siyen I sou pèn fo temwayaj e se pou yo endike dat ak lye de nesans timoun lan; e yo pa ka itilize deklarasyon sa a si yo te deja soumèt yon deklarasyon sou sèman pou sitwayènte.

Evidans ki etabli sitwayènte ameriken pou moun ki naturalize an gwoup

Pòtoriko

- Evidans nesans nan Pòtoriko le 11 avril 1899 oswa apre dat sa a avèk deklarasyon moun k ap aplike a ke li te abite nan teritwa Etazini oswa Pòtoriko le 13 janvye 1941; oswa
- Evidans ke moun k ap aplike a/moun k ap resevwa benefis la te yon sitwayen Pòtoriken ak deklarasyon moun k ap aplike a/moun k ap resevwa benefis la ki fè konnen li te abite Pòtoriko le 1ye mas 1917 e ke li pat prete yon sèman konstitisyonèl pou peyi Lespay.

Zile Vyèj Etazini

- Evidans sou nesans nan Zile Vyèj Etazini, ak deklarasyon moun k ap aplike a/moun k ap resevwa benefis la ki endike li gen rezidans nan Etazini, nan yon teritwa Etazini oswa nan Zile Vyèj Etazini le 25 fevriye 1927;
- Deklarasyon moun k ap aplike a/moun k ap resevwa benefis la ki endike rezidans nan Zile Vyèj Etazini yo antanke yon sitwayen Dànmak le 17 janvye 1917, sitwayen ak rezidans nan Etazini, nan yon teritwa Etazini, oswa nan Zile Vyèj Etazini le 25 fevriye 1927, e ke li pat fè yon deklarasyon pou l te sa kenbe sitwayènte danwa a; oswa
- Evidans sou nesans nan Zile Vyèj Etazini, ak deklarasyon moun k ap aplike a/moun k ap resevwa benefis la ki endike li gen rezidans nan Etazini, nan yon teritwa Etazini oswa nan Canal Zone lan le 28 jen 1932.

Zile Mariana Dinò (Northern Mariana Islands: NMI) (anvan sa li te fè pati de Trust Territory nan Zile Pasifik la: TTPI)

- Evidans sou nesans nan NMI, sitwayènte ak rezidans TTPI nan NMI, nan Etazini, oswa nan yon teritwa oswa pwopriyete Etazini le 3 novanm 1986 (lè lokal NMI) ak deklarasyon moun k ap aplike a/moun ka resevwa benefis la ke moun sa a pat prete sèman konstitisyonèl pou yon eta etranje le 4 novanm 1986 (lè lokal NMI);
- Evidans sou sitwayènte TTPI, rezidans kontini nan NMI depi anvan 3 novanm 1981 (lè lokal NMI), anrejistreman pou vote anvan le 1ye janvye 1975 ak deklarasyon moun k ap aplike a/moun k ap resevwa benefis la ki endike li pat prete sèman konstitisyonèl pou yon eta etranje le 4 novanm 1986 (lè lokal NMI); oswa
- Evidans sou domisil kontini nan NMI depi anvan 1ye janvye 1974 ak deklarasyon moun k ap aplike a/moun k ap resevwa benefis la ki endike li pat prete sèman konstitisyonèl pou yon eta etranje le 4 novanm 1986 (lè lokal NMI).

REMAKE: Si yon moun rantre nan peyi NMI kòm yon non-imigran e moun sa a abite nan NMI depi 1ye janvye 1974, sa pa reprezante domisil kontini e moun sa a pa yon sitwayen ameriken.

Kondisyon kòm Imigran

- Fòm swivan yo se fòm ki pi komen pou Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon nan Etazini (USCIS):
 - I-551 Kat etranje rezidan;
 - I-94 Dosye Arive-Depa;
 - I-688B oswa I-766 Kat Otorizasyon Travay;
- Fòm I-797 USCIS – Avi sou Aksyon; oswa
- Evidans Rezidans kontini nan Etazini anvan 1972.

REMAKE: Si w ap aplike pou Asistans Medikal sèlman, ou pa gen pou fè n konnen kondisyon sitwayènte w oswa imigrasyon w, si w:

- Ansent; oswa
- si w se yon imigran ki pa gen papye k ap aplike pou benefis Asistans Medikal poutèt yon kondisyon medikal ijan. (Gade nan seksyon Asistans Medikal ki nan Liv 2, LDSS-4148B pou plis enfòmasyon sou kondisyon sitwayènte oswa imigrasyon).

● **Si w depann de Dwòg/Alkòl**

Yo ka fè yon evalyasyon pou depiste Alkòl/Dwòg epi yo ka fè yon tès dwòg tou. Sa pa konsène plizyè aplikan Asistans Medikal, ni nonplis tou li pa konsène Sante Fanmi Anplis (Family Health Plus), Pwogram peye Medicaid pou moun k ap travay ki andikape (Medicaid Buy-in Program for Working People with Disabilities), Pwogram Depay Medicare (Medicare Savings Program) oswa Pwogram Benefis Planin familyal (Family Planning Benefit Program).

● **Lajan w fè nan travay**

Sou chèk pewòl resan, deklarasyon anplwayè w la fè, dosye taks, dosye biznis, deklarasyon lokatè oswa pansyonè fè sou kantite lajan yo peye pou lojman.

● **Lajan w pa fè nan travay**

Men ekzanp lajan w pa fè nan travay:

- **Sipò pou timoun oswa Pansyon Alimantè**
- **Benefis Sekirite Sosyal**
- **Benefis Veteran**
- **Benefis Asirans Chomaj**
- **Enterè ak dividann**
- **Lajan yo fè w kado ak Prè pou Lekòl**
- **Konpansayon pou Aksidan nan Travay**

Men ekzanp prèv lajan w pa fè nan travay:

- Deklarasyon ekri de moun k ap peye sipò a oswa pansyon alimantè a Dènye chèk benefis la oswa dènye lèt ki make yap ba w benefis Chèk benefis resan, lèt rekompans resan, korespondans ofisyèl ki soti nan Administrasyon Veteran
- Lèt Ofisyèl Depatman Travay Eta Nouyòk
- Yon lèt labank, biwo kredi oswa koutye a
- Papye lekòl oswa dènye lèt labank ba w sou sibvansyon an
- Dènye lèt ki make yap ba w benefis oswa sou chèk travay

- **Resous**

<i>Ekzanp Resous yo:</i>	<i>Ekzanp sou Prèv Resous yo:</i>
– Kontanbank yo	Kanè bank lan oswa papye biwo kredi
– Kont kouran Labank	Rapò labank
– Lajan oswa Fon pou Antèman	Papye labank oswa aranjman pou antèman
– Plasman Kavo Oswa Akò Pou Antèman	Lèt simityè a, direktè mezon finèb la oswa legliz, kopi aranjman pou antèman
– Asirans Vi	Kontra Asirans
– Imobiliye Apade Kote ou Rete	Kontra ipotèk, evalyasyon/estimasyon koutye a fè sou valè kay la kounye an
– Machin	Papye anrejistremant, papye machin nan, enfòmasyon sou finansman
– Stòk oswa ak Bon	Sètifikasi Stòk, bon
• Prezans lekòl pou sa Ki ale lekòl	Papye lekòl, lèt lekòl la ekri
• Asirans Lasante	Polis asirans, kat asirans, rapò sou asirans founisè a bay, Kat Medicare
• Lwaye oswa Dlo ak Gaz ki pa Peye	Kopi chak bòdwo, lèt moun ki lwe w kay la oswa konpayi kouran ak gaz la
• Bòdwo Doktè ki Peye oswa pa Peye	Kopi chak bòdwo ak prèv ou peye bòdwo si l'peye
• Paran ki pa gen responsabilite legal	Ak desè, benefis sivivan, papye divòs, Asistans Veteran Oswa dosye militè
• Enfim/ Pa Ka Travay/ Ansent	Deklarasyon yon pwofesyonèl medikal ekri, prèv sou benefis Sekirite sosyal pou moun ki andikape oswa benefis Lajan sekirite anplis (SSI).
• Lòt Depans/Depans pou Moun ki sou Kont ou	Chèk ki touche oswa resi, papye moun k ap okipe timoun nan, lòd tribunal, papye moun k ap ede oswa k ap okipe w la
• Chache Travay	Aplikasyon ou ranpli pou travay yo oswa Dosye sou Travay ou chèche

Si w ap aplike pou **Sèvis (apade Swen Nouris) sèlman**, ou pa bezwen bay prèv sou bagay ki sou lis anba yo:

- | | |
|--|--|
| <ul style="list-style-type: none"> • Depans pou Lojman • Resous • Lwaye oswa Dlo ak Gaz ki pa Peye | <ul style="list-style-type: none"> • Asirans Lasante • Bòdwo Doktè ki Peye oswa pa Peye • Lòt/ Depans pou Okipe Depandan |
|--|--|

Si w ap aplike pou **Asistans Medikal sèlman**, epi w ap chèche yon asirans sèvis swen alontèm, fòk ou bay prèv sou resous ou yo. Fam ansent oswa moun k ap aplike pou Pwogram Benefis planin familyal pa oblige fè n konnen enfòmasyon sou resous yo. Anjeneral, timoun ki gen jiska 19 an pa fè n konnen enfòmasyon sou resous yo.

Si w pap chèche asirans pou sèvis swen alontèm, w ap oblige fè n konnen enfòmasyon sou resous ou yo, men yo pèmèt ke w deklare montan resous ou olye pou bay prèv sou yo. Lè w aplike oswa renouvelé kalifikasyon pou Asistans Medikal ou a, y ap di w si w bezwen bay prèv sou resous ou yo.

4. RESPONSABLITE W GENYEN POU ENSKRI NAN SISTÈM OTOMATIK KI FÈ FOTO DWÈT LA (AFIS)

Si w ap aplike pou oswa w ap resevwa Asistans Tanporè oswa Benefis Koupon pou Achte Manje, mam tan nòmal oswa nan kadijans, ou dwe enskri nan sistèm otomatik ki fè foto dwèt la (Automated Finger Imaging System: AFIS) si ou se yon granmoun (oswa si w gen 18 an oswa plis) oswa si ou se oumenm ki chèf fanmi an. Pou Pwogram Asistans Medikal la, se moun kap aplike/resevwa epi ki gen yon foto imaj sou kat idantite Asistans Medikal la sèlman ki dwe enskri nan AFIS. Ou pa bezwen gen bagay sa yo pou aplike pou Family Health Plus oswa pou Pwogram Benefis pou Planin (Family Planning Benefit Program). Anjeneral, pou moun k ap aplike pou Medicaid ak moun k ap resevwa benefis Medicaid sèlman, tout moun ki gen 18 an oswa plis e ki gen yon kat benefis ki egziste yon idantifikasyon foto, moun sa yo dwe anrejistre nan AFIS. Sepandan, gen egzanpsyón byen presi a règ sa a, e yo ka varey toudepande konte kote w rete a. Si w gen nenpòt ki kesyon sou pwosesis anprent dijital la pou w konnen si pou fè l oswa si pou pa fè l, kontakte depatman sèvis sosyal nan zòn ou an nan konte w la epi mande kouman egzijans sa a ka aplikab a sitiyasyon espesifik pa w la.

5. RESPONSABLITE W GENYEN POU RAPÒTE CHANJMAN

Enfòmasyon Jeneral sou Chanjman

Si gen nenpòt ki chanjman nan sitiyasyon w lan pandan w ap tann nouvèl sou Aplikasyon w lan, ou dwe fè travayè sosyal la konnen.

- Si pou w fè travayè sosyal ou a konnen touswit si gen nenpòt chanjman nan sitiyasyon w lan, tankou nan revni w, nan travay ou, nan aranjman pou lojman oswa nan aranjman swen pou timoun, oswa si gen lòt chanjman ki ka afekte kalifikasyon w oswa montan benefis ou.

Pou Asistans Tanporè, se pou rapòte chanjman yo sou **10** jou apatide lè chanjman an fèt. Gen **yon sèl** esepsyon. Si w ap resevwa asistans tanporè pou yon timoun e w konnen timoun lan pral absan nan kay la pandan 45 jou oswa plis, ou fèt pou rapòte chanjman sa a sou **5** jou apatide lè w konnen timoun lan pral absan pou tout tan sa a. Se pou respekte tan limit pou fè rapò sa yo, menmsi w resevwa lòt benefis, tankou Koupon pou Achte Manje ak Medicaid, e ke pwogram sa yo gen egzijans sou kijan pou fè rapò ki diferan. **Sa trèzenpòtan pou Asistans Tanporè paske si w pa rapòte chanjman yo, sa ka kalifikasyon w pou kontinye resevwa benefis.**

Se pou w enfòme ajans lan de nenpòt chanjman, ki enkli, men sa li pa limite a sa yo sèlman, nenpòt chanjman nan bezwen w, (pa egzanp, montan w peye pou Iwaye a ogmante oswa diminye), nan revni w, nan resous ou, nan aranjman pou lojman w, nan rezidans/adrès ou, nan kantite moun ki nan kay la, nan travay, nan kondisyon sante, nouvo enfòmasyon sou pran pitit ou ki absan an, asirans sante ki vin disponib pou oumenm oswa pou pitit ou, kondisyon imigrasyon/sitwayènte oswa gwo sè. Si w pa si ke w sipoze rapòte yon chanjman, **RAPÒTE I**.

Si w ap resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje epi yo pa di w ou gen pou fè rapò chak 6 mwa, ou dwe fè rapò sou 10 jou:

- Chanjman nan nenpòt sous revni pou nenpòt moun lakay ou.
- Chanjman nan total kòb ki rантre nan kay ou, lè li monte oswa desann plis a pase \$100 pa mwa.
- Chanjman nan total kòb ki pa rантre nan kay ou, lè li monte oswa desann a plis pase \$25 pa mwa, si se yon sous **piblik** ki ba w li (tankou Benefis Sekirite Sosyal, Benefis Asirans Chomaj (Unemployment Insurance Benefits: UIB), elatriye).
- Chanjman nan total kòb ki pa rантre nan kay ou, lè li monte oswa desann a plis pase \$100 pa mwa, si se yon sous **privé** ki ba w li (tankou Lajan w Peye pou Sipò pou Timoun, Lajan w Peye pou Asirans pou Enfimite Timoun, elatriye).
- Chanjman \$100 oswa plis dapre yon lòd tribunal pou sipò yo peye pou yon timoun ki pa nan kay k ap resevwa Koupon pou Achte Manje a.
- Chanjman nan kantite moun ki nan kay ou a.
- Nouvo adrès ou, si w demenaje.
- Yon nouvo, oswa yon lòt machin.
- Yon chanjman nan Iwaye w oswa nan depans pou ipotèk ou.
- Ogmantasyon nan lajan ki rантre nan kay ou a, lajan kach, bon, lajan labank oswa nan enstitisyon kote moun ekonomize lajan, si total lajan kach ak ekonomi tout moun ki nan kay la \$2,000 oswa plis (\$3,000 oswa plis si yon moun ki nan kay la enfim oswa gen 60 an oswa plis).

Nenpòt ki lè w ap rapòte yon chanjman, fnou dwe wè kijan li afekte kalifikasyon ou. Pafwa, yon chanjman tankou, yon moun ki kite kay ou nèt, ki kòmanse yon nouvo travay oswa yon moun yo bay plis kòb, ka vle di w ap jwenn mwens èd. Sepandan, yon chanjman, tankou yon moun ki rete lakay ou anpèmanans, tankou si w jwenn yon lòt travay oswa w gen plis revni, sa ka vle di w pral resevwa mwens èd.

Si w ap resevwa Asistans Tanporè, Benefis Koupon pou Achte Manje oswa Asistans Medikal e w **pa** oblige anrejistre Rapò Trimestriyèl e w pa yon moun ki sipoze rapòte chak sis mwa Koupon pou Achte Manje, se pou fè travayè sosyal ou a konnen chanjman yo sou 10 jou e se pou ba li prèv sou chanjman an (tankou sou chèk pewòl, lèt rekompans, deklarasyon pwopriyetè kay la). Si w **pa** rapòte yon chanjman, tankou ogmantasyon lajan w ap touche, epi sa vle di yo ba w twòp lajan oswa lòt èd, ou ka oblige remèt lajan an. Yo ka pran yon aksyon legal kont oumenm tou. Epi tou, ou ka paka jwenn Asistans Tanporè oswa Benefis Koupon pou Achte Manje pou yon bout tan.

Si w ap resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje epi w oblige swiv egzijans travay pou Gramoun ki Enganm Ki Pa Gen Depandan (ABAWDS) ou dwe rapòte kantite lè ou patisipe nan travay pa mwa oswa lòt aktivite travay ki mwens pase 80 èdtan.

Men egzanp tip chanjman pou w rapòte sou 10 jou, amwenske ou se yon moun ki pou rapòte chak sis mwa Benefis Koupon pou Achte Manje:

- Ou gen yon travay oswa ou gen yon travay oswa lè travay la chanje.

- Kantite moun ki lakay ou chanje. Kòm ekzanp:
 - Yon paran ki pa anchaj.
 - Yon timoun kite lakay li oswa tounen.
- Ou ansent, oswa ou fèk gen yon pitit.
- Revni w oswa lè travay aktyèl ou chanje.
- Ou kòmanse oswa sispann gen lajan kap rantre tankou:
 - Benefis Sekirite Sosyal oswa Revni Anplis pou Sekirite (Supplemental Security Income: SSI)
 - Sipò pou timoun, panson alimantè oswa nenpòt ki lajan yon paran ki pa anchaj, mari oswa madanm bay
 - Benefis Asirans Chomaj (UIB)
 - Benefis panson oswa retrèt
 - Asirans pou Aksidan nan Travay oswa yon akò pou aksidan
 - Lajan yon moun ki rete nan yon chann lakay ou, yon pansonè ki lakay ou, oswa lajan yon moun ki lwe yon kay oswa yon apatman nan men yon lòt moun
 - Lajan taks yo ranbouse w
 - Kredi pou Taks sou Salè Moun Fè nan Travay (Earned Income Tax Credit: EITC) (Benefis Koupon pou Achte Manje Sèlman)
 - Nenpòt ki lòt lajan ou resevwa, swa nan travay oswa ki soti lòt kote.
- Adrès ou chanje, kantite lajan lwave w chanje oswa w kòmanse gen plis èd pou w peye pou lojman, tankou yon bagay gouvènman an ba w.
- Yon timoun ki gen mwens ke 18 an kite lekòl (li pa obligatwa si w ap aplike pou Asistans Medikal sèlman).
- Yon timoun ki gen 16 zan oswa ki pi gran ki rete lakay ou, kite lekòl (li pa obligatwa si w ap aplike pou Asistans Medikal sèlman).
- Yon granmoun ki nan kay la epi ki ale lopital, vin malad oswa vin gen yon pwoblèm ki anpeche l travay, patisipe nan yon aktivite travay, oswa okipe timoun ki nan kay la.
- Ou vin konnen tout nouvo enfòmasyon sou yon paran ki pa anchaj, tankou kote paran an ye a. (Amwenske w resevwa Pwogram Peye Medicaid pou Moun k ap travay ki andikape).
- Ou vin marye, ou separe oswa divòse.
- Oumenm oswa lòt moun ki nan fanmi w resevwa asirans fanmi, menm si yon lòt moun peye pou asirans la. (Si w ap aplike pou Benefis Koupon pou Achte Manje sèlman, ou pa bezwen rapòte sa).
- Oumenm oswa yon moun ki abite avèk ou resevwa byen.
- Oumenm oswa yon moun ki abite avèk ou transfere nenpòt ki byen oswa lajan.
- Oumenm oswa yon moun ki abite avèk ou blese nan yon aksidan, Asistans Medikal peye pou tretman medikal, epi oumenm oswa lòt moun ki abite lakay ou a ap asiyen moun ki fè aksidan an fèt la.
- Yon timoun pap nan kay la pandan 45 jou konsekitif oswa plis oswa pandan 30 jou pou Asistans Medikal.

Egzijans pou rapòte peman yon sèl kou

Yon peman yon sèl kou se yon peman yo fè yon fwa, tankou yon akò asirans, yon benefis mansyèl akimile ki retroaktif, nenpòt lajan eritaj oswa yon lajan w fè nan jwèt aza ke, lè w konbine l avèk lòt revni mansyèl ou ka konte yo, li reprezante plis pase bezwen mansyèl pou Asistans Tanporè w la (sètadi, sibvansyon pou Asistans Tanporè a anvan yo konte revni a). Lè yon peman yon sèl kou piti, ki vle di, lè li konbine avèk lòt resous mansyèl yo ka konte yo, li mwens ke bezwen mansyèl pou Asirans Tanporè w yo (sa a se sibvansyon Asistans Tanporè anvan yo konte revni a), yo pa konsidere l kòm peman yon sèl kou; yo konsidere l kòm revni. Si oumenm oswa you moun lakay ou gen oswa ap tann yon peman k ap fèt yon sèl kou, oswa yon peman revni k ap fèt yon sèl kou, ou dwe di travayè sosyal la sa **touswit**. Si yo ba w yon peman ki fèt yon sèl kou, epi w ap resevwa Asistans Tanporè, li ka afekte lajan y ap ba w la:

- 1) Si w resevwa yon peman yon sèl kou, yo ka kite w kenbe pòsyon montan sa a, ki ansanm avèk resous yo ka konte w yo pa depase limit resous ou. Yo rele sa resous yo mete sou kote. Limit resous la se \$2,000 pou yon moun oswa fanmi, oswa \$3,000 si moun nan se, oswa fanmi l gen, yon manm ki gen 60 an oswa ki pi gran.
- 2) Si montan ki rete a (sa ki depase nivo resous la) **mwens ke** bezwen mansyèl pou Asistans Tanporè w yo (ki se sibvansyon TA a anvan yo konte revni w), ki se montan ki rete nan peman yon sèl kou a, e yo pral konte l kòm revni pou mwa w ap resevwa l la. Ou fèt pou gade **Eksepsyon** ki ekri anba la a.
- 3) Si montan ki rete a **plis ke** bezwen mansyèl ou pou Asistans Tanporè, se pou fè chwazi youn nan opsyon sa yo:

Opsyon 1

- **REMÈT** depatman sèvis sosyal nan zòn ou a peman ki fèt yon sèl kou a pou peye lajan ak èd ou te resevwa anvan yo.

- Si peman ki fèt yon sèl kou a mwens pase lajan asistans yo te ba w anvan yo, ka w la ka rete ouvè toujou.
- Si peman ki fèt yon sèl kou a plis pase lajan asistans yo te ba w anvan yo, se règleman ki nan seksyon « **Kenbe** » ki anba a ki aplike.

Opsyon 2

KENBE peman ki fèt yon sèl kou a oswa balans peman ki fèt yon sèl kou. Lè sa a, dosye Asistans Tanporè w la pral fèmen pandan yon tan. Kantite tan dosye w la pral ret fèmen depann de montan peman ki fèt yon sèl kou a, e li depann tou de kantite bezwen w genyen pou Asistans Tanporè.

EKZANP: Si w resevwa \$4,750 yon sèl kou, e w te gen revni ki te egal a \$250, pou yon total \$5,000, e w gen \$500 kòm resous yo ka konte, ou ka kenbe \$1,500 (\$2,000 limit resous - \$500 kòm resous). Sa a se limit resous yo mete sou kote a. Si w pa remèt sa k rete a (\$3,500) bay ajans lan, yo pral utilize l pou detèmine pandan konbyen tan ou pa ka resevwa Asistans Tanporè. Si bezwen mansyèl ou pou Asistans Tanporè se \$500, tout moun nan kay la pa ka resevaw Asistans Tanporè pandan 7 mwa (\$3,500 divize pa bezwen \$500 – 7 mwa).

Ou fèt pou gade **Eksepsyon** ki ekri anba la a.

REMAKE: Si w ap resevwa benefis swen pou timoun, gen peman ki fèt yon sèl kou ki ka afekte kalifikasyon w pou swen pou timoun oswa ki ka afekte montan benefis pou swen pou timoun ou an. Se pou fè travayè sosyal ou a konnen touswit sou nenpòt peman ki fèt yon sèl kou.

EKSEPSYON YO

Oumenm oswa nenpòt ki moun ki nan ka w la pandan mwa ou te gen peman ki fèt yon sèl kou a, pap ka resevwa Asistans Tanporè pandan yon bout tan, menmsi yo te depanse peman ki te fèt yon sèl kou a, **amwenske** youn nan bagay nou pral wè anba la a fè tan ou gen pou tann lan vin pi kout:

- Sou katrevendis jou apatide lè w resevwa peman ki fèt yon sèl kou a, ou te dokimante ban nou ke w te utilize enpe oswa tout montan peman ki fèt yon sèl kou a pou resous swivan ki egzante yo:
 - Pou achte yon otomobil ki egzante de limit resous pou Asistans Tanporè a e w te bezwen chèche oswa kenbe travay ou oswa pou w te ka ale nan aktivite travay ou (montan maksimòm \$9,300, oswa pi plis si se depatman sèvis sosyal nan zònm ou an ki detèmine l);
 - Pou louvri yon konta anbank apa oswa kont anbank ki egzante de limit resous pou Asistans Tanporè tankou yon Kont pou yon Nouvo Otomobil oswa yon Ranplasman pou achte yon otomobil ki pou pèmèt ou chèche travay oswa kenbe travay ou (maksimòm \$4,650), oswa yon Kont Ekolaj pou Kolèj pou peye ekolaj nan yon enstitusyon edikatif ki gen yon pwogram dezan apre lekòl segondè (maksimòm \$1,400);
 - Pou achte yon plas nan simtyè ki egzante de limit resous pou Asistans Tanporè; oswa
 - Pou achte yon akò otantik pou fineray (maksimòm montan \$1,500) ki egzante de limit resous pou Asistans Tanporè.

Si w utilize balans ki rete nan peman ki fèt yon sèl kou a sou 90 jou apatide lè w resevwa l la e w dokimante ban nou ke balans sa a w te aplike pou youn oswa plis resous sa yo ki egzante, nou pral relouvri dosye w la apatide dat li te fèmen an si w re-aplike e yo detèmine w kalifye. Si w gen kesyon konsènan itilizasyon peman ki fèt yon sèl kou a pou aplike l a resous sa yo ki egzante, pale avèk travayè sosyal ou a anvan w fè nenpòt bagay avèk lajan an.

Remake: Si depatman lokal sèvis sosyal nan zòn ou an detèmine w pat utilize okenn nan resous sa yo ki egzante (yo mete sou kote) pou bi yo te planifye yo (sètadi, ou vin fèmen oswa retire lajan apre e w pa sèvi ak kont anbank sa yo pou rezon yo te mete lajan yo sou kote, oswa ou likide plas antèman oswa akò fineray, elatriye) depatman sèvis sosyal nan zòn ou an ka kalkile yon peman amplis pou asistans yo bay la.

- Yon bagay ki rive fè Asistans Tanporè w la vin plis si yo te toujou kontinye ba w li. Pa ekzanp, Iwaye w vin plis oswa ou gen ka espesyal tankou gwo-sèvis.
- Ou te oblige sèvi ak tout peman ki te fèt yon sèl kou a paske w pat gen chwa. Men kèk ekzanp: fanmi w gen yon ijans, ou gen gwo depans ou pa abitye genyen pou kay ou, tankou gaz oswa lojman oswa yo volè kòb ou.
- Pandan tan w kalifye pou Asistans Tanporè a, yon manm fanmi w resevwa swen medikal epi li peye pou swen medikal Pwogram Asistans Medikal la t ap asire.

Si depatman sèvis sosyal nan zòn ou a jwenn ou gen byen yo ka konte oswa ou dwe ap resevwa peman ki fèt yon sèl kou, yo ka retire privilèj ou genyen sou byen ou yo oswa yon peman ki fèt yon sèl kou. Sa vle di anvan yo ba w nenpòt ki lajan pou byen oswa peman ki fèt yon sèl kou, depatman sèvis sosyal la ka pran kantite Asistans Tanporè oumenm, madanm oswa mari w ak pitit ou yo, ak tout pitit madanm ou oswa mari w resevwa yo. Yo ka vin gen dwa pou yo gen yon privilèj sou nenpòt akò ou fè pou domaj kòporèl oswa sou nenpòt pwopriyete ou genyen. Nan pwopriyete ou genyen yo, ou ka jwenn: kay ou posede epi ou rete ladann lan, ansanm ak tout lòt pwopriyete ou posede.

Si w ap resevwa Benefis Koupon Achte Manje epi w resevwa yon peman ki fèt yon sèl kou ki pa renouvlab, y ap konte I tankou yon resous apati mwa ou te resevwa I la epi yo pap kalkile I tankou lajan w ap touche.

Si w ap resevwa Asistans Medikal, yon peman ki fèt yon sèl kou ka afekte kalifikasyon w. Se pou fè travayè sosyal ou a konnen touswit sou nenpòt peman ki fèt yon sèl kou ke w resevwa.

6. RESPONSABLITE W GENYEN KONSENAN KAT IDANTIFIKASYON BENEFIS KOMEN W LAN (CBIC)

Pou w ka resevwa lajan Asistans Tanporè oswa Benefis Koupon pou Achte Manje, w ap bezwen Kat Idantifikasiyon Benefis Komen an (Common Benefit Identification Card: CBIC) ak Nimewo Idantifikasiyon Pèsonèl (Personal Identification Number: PIN). CBIC ak PIN ap sèvi tankou siyati w lè w jwenn benefis ou yo.

Se responsabilite w pou kontwole balans kont ou. Si w sispek yon moun al sou kont ou san w pa konnen, se pou w kontakte liy enfòmasyon Sèvis Kliyan EBT a pou dezaktive CBIC w la. Apre w fin fè sa, se pou w kontakte travayè sosyal ou a pou w sa resvwa yon klas ranplasman.

W ap responsab pou Lajan ak Benefis Koupon pou Achte Manje ki soti soukont ou lè w sèvi ak kat CBIC epi ak PIN. Si yon lòt moun sèvi ak Kat Idantifikasiyon Benefis Komen ou lan (CBIC) ak PIN ou pou li ale sou kont ou, yo pap ranplase benefis ou yo menmsi w deklare w pat resevwa benefis sa yo.

Se responsabilite w pou kenbe Nimewo Idantifikasiyon Pèsonèl (PIN) ou an sekèr. Ou PA dwe bay pèson nimewo PIN ou, ni ou PA dwe ekri li sou kat CBIC w la. Piga w janm bay nimewo PIN ou, menmsi moun nan pretann I ap travay nan depatman sèvis sosyal e li pretann li bezwen enfòmasyon an. PA GEN OKENN MOUN KI SOTI NAN depatman sèvis sosyal nan zòn ou an ki SIPOZE JANM MANDE W POU NIMEWO PIN OU.

Si Kat Idantifikasiyon Benefis Komen (CBIC) ou la pèdi, yo vòlè li oswa li domaje, rele Sèvis Kliyan nan 1-888-328-6399. Pou yo ranplase kat la, ou dwe rele travayè sosyal la pou kalifikasyon ou. Si w sèvi mal oswa ou abize kat ou a, pa egzamp si w vann li, sa ka fè otorite nan Eta kote ou rete a ak/oswa otorite Federal fè yon envestigasyon. Si yo jwenn papye ki pouve vyolasyon, yo ka ba w sanksyon sa yo:

- Diskalifikasiyon nan pwogram nan, ak/oswa
- W ap remèt lajan an pa mwayen dedomajman/restitisyon; ak/oswa
- Mennen ou lajistik

Si w blyie Nimewo Idantifikasiyon Pèsonèl ou (Personal Identification Number: PIN) ou ka rele Sèvis Kliyan nan 1-888-328-6399 pou w jwenn yon PIN. Ou gen dwa pran yon nouvo PIN an pèsòn nan biwo depatman sèvis sosyal, oswa w ka mande travayè sosyal la pou li fè kontraktè Transfè Benefis Elektwonik (Electronic Benefit Transfer: EBT) la voye PIN ou gen koulye a ba ou pa lapòs.

W ap oblige montre kat CBIC ou la tou pou w jwenn Asistans Medikal. Pou w ka gen sèvis Family Health Plus, sèvi ak kat plan sante w te chwazi a voye ba w la.

7. RESPONSABLITE W GENYEN POU W JWENN BENEFIS KOUPE POU ACHTE MANJE

Si w ap resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje ak Transfè Elektwonik pou Benefis (EBT):

Si yo apwouve w pou Benefis Koupon pou Achte Manje, y ap voye benefis ou yo ba ou nan Kont Transfè Benefis Elektwonik (EBT) Koupon pou Achte Manje w la menm dat la chak mwa. Si w pa sèvi ak kont EBT pou Benefis Koupon pou Achte Manje w la pandan 365 jou youn dèyè lòt, kont lan pral pase nan kategori anilasyon. Sa vle di ke nenpòt Benefis Koupon pou Achte Manje ki te disponib sou kont ou pandan omwen 365 jou, benefis sa yo pral anile (yo pral retire yo). Yo pa ka ranplase Benefis Koupon pou Achte Manje ki anile.

8. RESPONSABLITE W GENYEN POU REMÈT BENEFIS ANPLIS YO BA W YO

Pou Asistans Tanporè:

Si yo ba w plis Asistans Tanporè pase sa w ta dwe genyen an (peman anplis), ou dwe remèt yo. Si dosye w la aktif, n ap repran montan peman anplis la de benefis Asistans Tanporè y ap ba w pi devan. Si dosye Asistans Tanporè w la fèmen, depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pral kontakte w pou repeman montan w dwe a.

Pou Asistans Medikal:

Nenpòt peman Asistans Medikal yo fè pou sèvis ou resevwa oswa pou prim yo peye pou ou pou yon peryòd tan lè w pat kalifye pou Asistans Medikal, ou ka gen pou repeye pou yo. Depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pral kontakte w sou repeman montan w dwe a.

Pou Benefis Koupon pou Achte Manje:

Si yo ba w plis Benefis Koupon pou Achte Manje pase sa w ta dwe genyen (peman anplis), ou dwe remèt yo. Si dosye w la aktif, n ap retran montan peman anplis la de benefis Koupon pou Achte Manje y ap ba w pi devan. Si dosye w la fèmen, ou ka repeye peman anplis la atravè nenpòt Benefis Koupon pou Achte Manje w pa itilize e ki rete sou kont ou, oswa ou ka peye avèk lajan kash.

Si gen yon lajan ou dwe epi w pa remèt, gen plizyè fason yo ka refere li pou koleksyon, gouvènman federal la ka menm fè koleksyon otomatik. Yo ka pran benefis federal (tankou Sekirite Sosyal) ak ranbousman taks ke w dwe resevwa, pou yo repeye peman anplis la. Yo pral aplike frè administratif sou dét la.

Nenpòt benefis Koupon pou Achte Manje yo te elimine, yo pral itilize I pou repeye peman anplis ou a. Si w aplike pou Benefis Koupon pou Achte Manje ankò, e w pa repeye montan w dwe a, yo pral diminye Benefis Koupon pou Achte Manje w la si w kòmanse resevwa yo ankò. Y ap voye yon avi sou kantite benefis benefis anmwen ou pral jwenn nan.

Pou Benefis Swen pou Timoun:

Si yo ba w plis Swen pou Timoun pase sa w ta dwe genyen (peman anplis), ou fèt pou remèt yo. Si dosye w la aktif, yo ka ogmante kontribisyon paran w pou depans timoun yo oswa yo ka diminye benefis swen pou timoun jiskaske w repeye nèt montan w dwe a. Si dosye w la fèmen, se pou repeye montan w dwe a kanmèm oswa w pap kalifye lè w re-aplike.

9. RESPONSABLITE W GENYEN POU TRAVAY**Pou Asistans Tanporè:**

Antanke yon moun ki aplike oswa k ap resevwa Asistans Tanporè, ou dwe:

- Chache yon travay menmsi yo pa mande w pou fè sa epi prepare pou w bay prèv ou t ap chache yon travay. Si w bezwen yon moun ki pou okipe timoun ou yo pou w ka kòmanse chache yon travay, ou dwe fè travayè sosyal la konn sa.
- Aksepte yon travay lè w jwenn youn.
- Patisipe nan yon pwogram evalyasyon pou wè kapasite w pou travay epi patisipe nan yon aktivite travay.
- Amwenske yo fè yon detèminasyon ki endike w egzante de aktivite travay, se pou w patisipe nan aktivite travay depatman sèvis sosyal nan zòn ou an deziyen ba ou yo. Ou ka oblige fè yon konsiltasyon medikal oswa gen yon papye doktè pou w patisipe nan yon aktivite travay oswa pou yo ka verifye ou gen yon pwoblèm medikal ki anpeche w travay.
- Si yo detèminen ou egzante pou w pa patisipe nan aktivite travay yo, ou ka oblige aksepte swen medikal oswa lòt sèvis travay pou rebabli kapasite w genyen pou travay la ankò. Yo ka egzije w pou w ale nan yon reyinyon nan depatman sèvis sosyal nan zòn ou an epi pou w bay prèv pou detèminen si pou yo kontinye ba w eskiz pou egzijans pou travay yo oswa si pou yo pa kontinye fè sa ankò.
- Si w gen yon egzansyon tanporè pou aktivite travay poutèt vyolans domestik, se pou w rankontre avèk yon lyezon vyolans domestik anvan fen chak peryòd egzansyon an pou detèmine si w ap kontinye kalifye pou egzansyon an.

Si w pa obeyi egzijans ki ekri anwo la a yo, yo ka refize bay oumenm oswa moun lakay ou Asistans Tanporè oswa yo ka menm redwi benefis Asistans Tanporè moun lakay ou yo.

Yo konsidere w ka travay epi w dwe patisipe nan aktivite travay amwenske depatman sèvis sosyal nan zòn ou an detèminen ou:

- 1) Enfim, enkapab, malad oswa w blese nan yon pwen tèl ki fè w pa ka fè okenn aktivite travay;
- 2) Poko gen 16 an oswa ou gen 60 an oswa plis;
- 3) Poko gen 19 an epi w ale lekòl segondè, vokasyonèl oswa teknik san rete;
- 4) Ap pran swen a tan plen, yon moun ki malad nan kay la, yon manm ki enkapab, oswa enfim epi se sèl oumenm ki ka bay moun nan yon swen rezonab;
- 5) Ansent epi w ap atann pou w fè pitit la anvan 30 jou pase;
- 6) Nesesè nan kay la pou w pran swen yon timoun ki pokon gen 12 mwa. Eskiz sa a pa dwe dire plis pase 3 mwa apre yon timoun fin fèt amwenske depatman sèvis sosyal nan zòn ou an deside pou li ba w eskiz sa a pou yon peryòd 12 mwa omaksimòm pandan tout lavi w.
- 7) Pa ka patisipe paske w pa gen ase swen pou timoun;

- 8) Pa ka patisipe e w gen yon egzansyon pou kondisyon travay akozde vyolans domestik yon lyezon vyolans domestik akòde w.

Sanksyon Paske W pa Swiv Lòd Asistans Tanporè Ba W pou Plasman nan Travay:

Si yo pa ba w eskiz pou w pa patisipe nan travay epi w pa obeyi règleman ki anwo a yo, yo ka refize bay oumenm oswa moun ki rete lakay ou Asistans Tanporè oswa yo ka menm redwi benefis Asistans Tanporè a pou moun lakay ou. Kantite tan y ap redwi benefis yo depann de si moun ki lakay ou yo gen yon timoun ki depandan epi de kantite fwa ou pa respekte règ yo.

Pou yon kay ki gen timoun ki depandan, men kouman y ap redwi lajan yo bay pou kay la:

- Premye fwa w ou pa respekte lòd la – jiskaske w respekte li,
- Dezyèm fwa w pa respekte lòd la – omwen twa mwa epi jiskaske w respekte li,
- Twazyèm fwa w pa respekte lòd la ak lòt fwa apre yo – omwen 6 mwa jiskaske w respekte li,

Pou yon kay ki pa gen timoun ki depandan, men kouman y ap redwi lajan yo bay pou kay la:

- Premye fwa w ou pa respekte lòd la – omwen 90 jou jiskaske w respekte li,
- Dezyèm fwa w ou pa respekte lòd la – omwen 150 jou jiskaske w respekte li,
- Twazyèm fwa w ou pa respekte lòd la ak lòt fwa apre yo – omwen 180 jou jiskaske w respekte li.

Si yon depatman sèvis sosyal nan zòn ou an detèminen ou fè espre ou bay manti lè w di ou soufri yon maladi ki fè w pa ka patisipe twòp nan aktivite travay, yo ka redwi Asistans Tanporè w la pou yon bout tan. Si yo pran sanksyon kout oumenm poutèt rezon sa a, y ap kontinye pran sanksyon an jiskaske w deside obeyi règleman travay yo epi w pa bay manti pou w di ou soufri yon maladi ki fè w pa ka travay. (Menmsi prèv medikal pa sipòte deklarasyon ou fè sou maladi ou genyen an, sa pa vle di y ap pran sanksyon kont oumenm pou sa).

Pou Benefis Koupon pou Achte Manje:

Amwenske yo ba w eskiz pou obligasyon pou w anrejistre pou travay kòm yon moun k ap aplike oswa k ap resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje, ou dwe:

- Aksepte yon travay oswa yon referans pou yon travay ki la oswa yon travay ki ka ouvè;
- Patisipe nan yon evalyasyon sou kapasite w genyen pou w travay;
- Bay enfòmasyon sou kondisyon travay ou ak disponiblité w pou travay;
- Patisipe nan aktivite travay yo ba w.

Si w pa obeyi demann ki ekri anwo la yo, ou ka pèdi Benefis Koupon pou Achte Manje yo.

Yo konsidere w tankou yon moun ki enskri pou travay epi w oblige swiv egzijans enskripsyon pou travay yo amwenske anplwaye sèvis sosyal yo detèminen ou:

- Poko gen 16 an oswa gen 60 an oswa plis;
- Ki gen maladi mantal ak fizik, enfim, malad oswa fraktire tèlman ou pa ka patisipe nan aktivite travay;
- Sipoze soumèt ou a egzijans travay yon Asistans Tanporè ki finanse onivo federal (TANF) enpoze e se pou konfòme w a egzijans sa yo tou. Si yo mete w nan yon pwogram travay TANF, egzanpsyon sa a pou egzijans pou travay pou Benefis Koupon pou Achte Manje a pa aplike;
- responsab pou pran swen yon timoun ki depandan ki poko gen 6 an. Si w ap patisipe nan yon pwogram travay TANF, eskiz pou egzijans pou travay pou koupon pou achte manje a pa aplike;
- responsab pou pran swen yon moun ki enfim;
- yon moun k ap aplike oswa k ap resevwa Benefis Asirans Chomaj epi yo egzije pou anrejistre pou travay kòm yon pati nan pwosedи pou konpansasyon pou moun ki pap travay yo;
- yon moun ki patisipe regilyèman nan yon tretman dwòg oswa alkòl ak nan yon pwogram reyabilitasyon, epi moun depatman sèvis sosyal nan zòn ou an detèminen swa ou pa ka travay oswa plasman nan aktivite travay la pa pratik;
- yon elèv ki enskri omwen mwatye tan nan yon lekòl yo rekònèt, pwogram fòmasyon oswa yon enstitisyon edikasyon avanse;
- yon Moun k ap Aplike pou Revni Anplis pou Sekirite (Supplemental Security Income: SSI) ak pou Benefis Koupon pou Achte Manje dapre pwosedи pou dispozisyon komen an jiskaske yo deside swa w kalifye pou Revni Anplis pou Sekirite (SSI), epi konsa, ou gen eskiz pou w pa anrejistre pou travay oswa yo deside ou pa kalifye pou Revni Anplis pou Sekirite (SSI); oswa

- yon timoun ki gen 16 an oswa 17 an, ki pa chèf fanmi an epi ki pral lekòl oswa nan yon pwogram fòmasyon pou travay omwen mwatye tan an.

Sanksyon Paske W pa Swiv Lòd Benefis Koupon pou Achte Manje Ba W pou Plasman nan Travay:

Si yo pa ba w eskiz pou w pa patisipe nan aktivite travay epi ou pa respekte règleman ki anwo a yo, ou ka pèdi Benefis Koupon pou Achte Manje w yo. Kantite tan y ap redwi benefis yo depann de kantite fwa ou pa respekte règleman yo.

- Premye fwa w pa respekte lòd la – omwen 2 mwa epi jiskaske w obeyi
- Dezyèm fwa w pa respekte lòd nan yon peryòd 3 an – omwen 4 mwa epi jiskaske w obeyi
- Twazyèm fwa w pa respekte lòd la – omwen 6 mwa epi jiskaske w obeyi

Bagay Anplis Moun Ki Enganm Epi Ki Pa Gen Depandan (Able-Bodied Adults Without Dependents: ABAWDS) Dwe Fè Lè Yap Resevwa Benefis Koupon Pou Achte Manje:

Si w se yon moun ki anrejistre pou travay, ou ka oblige fè kèk bagay anplis pou w kalifye pou Koupon pou Achte Manje amwenske ou:

- poko gen 18 an oswa w gen 50 an oswa plis;
- ansent;
- se nenpòt ki granmoun (menm yon paran) ki rete nan yon kay ki resevwa koupon pou achte manje epi kote gen yon timoun ki poko gen 18 an.
- Pa ka travay pou omwen 80 èdtan pa mwa paske ou gen yon maladi fizik oswa mantal.

Si w se yon moun ki anrejistre pou travay epi yo pa ba w eskiz poutèt youn nan twa rezon ki anwo a yo, w ap kalifye pou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje sèlman pou twa mwa chak 36 mwa amwenske ou:

- Ap travay pandan omwen 80 èdtan pa mwa; oswa
- Ap patisipe nan yon pwogram travay depatman sèvis sosyal nan zòn ou an apwouve pandan omwen 80 èdtan pa mwa; oswa
- Respekte tout règleman travay yo ba w fè a.

Si w vle kontinye resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje apre limit 3 mwa sa a, depatman sèvis sosyal nan zòn ou an dwe fè w jwenn yon opòtinite pou travay ki kalifye oswa jwenn yon opòtinite fòmasyon ki bon pou ou. Rantre an kontak ak travayè sosyal la pou w pale de ki travay oswa opòtinite pou fòmasyon ki genyen.

Si w pa kalifye pou w resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje paske w pa fè bagay nesesè yo epi ki ekri anwo la yo, pou twa mwa oswa plis, pandan w t ap resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje yo, yo ka kòmanse ba w Benefis Koupon pou Achte Manje sèlman si w fè sa yo mande w yo, oswa si w bay prèv w ap fè yo nan 30 jou apatide jou apre lè w te remèt aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje. Apre lè sa a, yo t ap egzije w kontinye travay oswa patisipe nan yon pwogram travay pou w ka kontinye resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje yo.

Apre w fin ale travay oswa patisipe nan yon pwogram travay pou w kalifye pou w resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje ankò, si w pèdi travay ou oswa si w pa ka patisipe nan pwogram yo ba w la, ou ka kalifye ankò pou w resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje pou yon twa lòt mwa anplis pandan menm peryòd 36 mwa san ou pa travay la oswa san ou pap patisipe nan yon pwogram pou travay.

Pou Asistans Medikal:

Ou pa bezwen ap travay pou w gen Asistans Medikal. Sepandan, pou yon moun kalifye pou Pwogram Peye Medicaid pou Moun kap Travay ki Andikape, se pou moun sa a ap travay.

10. RESPONSABLITE W GENYEN POU SWEN POU TIMOUN

Se responsablité pa w pou w **chache ak chwazi** yon konpayi/moun ki bay swen pou timoun. Ou dwe peye nenpòt pati lajan fanmi an peye pou sèvis swen pou timoun nan byen vit.

Pou Moun Kap Resevwa Asistans Tanporè:

Si w bezwen gen swen pou timoun pou w ka patisipe nan yon aktivite travay epi w pa ka jwenn yon moun ki bay swen pou timoun, ou dwe:

- Fè travayè sosyal la konnen sa w fè pou w jwenn yon moun ki bay swen pou timoun epi mande pou yo ede w jwenn youn.

- Antre an kontak ak tout moun yo voye w wè yo oswa ak pwogram k ap ede w jwenn yon moun ki bay swen pou timoun. Sa vle di w dwe kontakte oswa ale wè tout moun ki bay swen pou timoun yo voye w al jwenn yo jiskaske w chwazi yon moun ki bay swen pou timoun ki bon pou ou, ki pre lakay ou, ki se sa w ap chache a, epi w ka peye.
- Si w antre an kontak ak tout moun kap bay sèvis swen pou timoun yo te voye w al jwenn yo epi w toujou pa ka chwazi okenn nan moun sa yo, ou dwe ekri travayè sosyal la pou w fè li konnen kiyès nan moun ki bay swen pou timoun ou kontakte epi kil è ak poukisa ou pa chwazi okenn nan moun sa yo. Rezon w yo fèt pou gen youn nan bagay sa yo ladann:
- - Moun oswa konpayi k ap bay sèvis swen pou timoun nan pat ouvri jou oswa lè w te bezwen yo oswa pat ka okipe bezwen espesyal timoun ou a.
 - Ou pat ka ale jwenn moun k ap bay swen pou timoun nan, nan machin oswa transpò publik.
 - Moun k ap bay swen pou timoun pat rete a yon « distans ki rezonab » de lakay ou oswa de aktivite travay ou. Yon « distans rezonab » vle di yon bagay diferan pou chak depatman sèvis sosyal nan zòn yo. Depatman sèvis sosyal nan zòn ou an fèt pou l di w sa distans rezonab vle di nan distrik ou a.
 - Zanmi, fanmi oswa vwazen ou te konsidere oswa w te rele yo pat bon pou ou.
- Si w demontre w pat ka jwenn yon moun ki bay swen pou timoun, travayè sosyal ou a dwe ofri w yon chwa de (2) moun ki bay swen pou timoun. Omwen, youn nan kote yo bay swen pou timoun sa yo dwe gen lisans oswa anrejistre ak Eta Nouyòk la oswa Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal Eta Nouyòk la. Ou dwe chwazi youn nan moun ki bay swen pou timoun oswa demontre poukisa yo pa bon pou ou, yo pa pre lakay ou, yo pa sa w ap chache epi sa w ka peye.
- Ou dwe kontinye chache pou yon moun ki bay swen pou timoun epi antre an kontak ak tout moun yo voye w wè yo pandan ou pap travay la.
- Si w pa ka demontre w pat ka jwenn kote/moun ki bay swen an ye epi 2 chwa moun ki bay swen pou timoun yo pat bon pou ou, pat pre lakay ou, pat sa w tap chache oswa pa sa w ka peye, alò y ap redwi lajan yo te ba w pou Asistans Tanporè a si w pa patisipe nan aktivite travay ou a.

11. RESPONSABLITE W GENYEN POU SIPÒTE TIMOUN AK MADANM OSWA MARI

Antanke yon moun ki aplike oswa k ap resevwa Asistans Tanporè, k ap resevwa swen pou timoun, ou dwe kolabore ak depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pou etabli patènité epi pou kolekte lajan sipò pou timoun jan li make pi ba la a:

KOLEKSYON LAJAN SIPÒ POU TIMOUN – ASISTANS TANPORÈ

Lè w siyen yon Aplikasyon pou Asistans Tanporè epi depi y ap ba w Asistans Tanporè, ou bay depatman sèvis sosyal nan zòn ou a dwa w genyn pou w jwenn peman lajan sipò yo dwe oumen oswa yo dwe nenpòt lòt moun w ap aplike pou li oswa ap resevwa Asistans Tanporè pou li.

Depi w ap resevwa Asistans Tanporè, depatman sèvis sosyal la gen dwa pran lajan sipò ou genyen koulye a ak lajan sipò yo dwe w depi lontan (**aryere**).

Si y ap peye w lajan sipò a dirèkteman san lòd pou sipò oswa lòd patènité, ou dwe rapòte lajan sa a bay depatman sèvis sosyal nan zòn ou an.

Nenpòt koleksyon yo fè, y ap itilize yo pou ranbouse depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pou asistan li ba oumenm ak timoun ou yo, esepte pou peman pòsyon nan lajan sipò yo bay moun k ap resevwa asistans la oswa peman sipiò anplis. (**Gade nan « Dwa W Genyen yo, » Seksyon 10, Dwa sou Peman Pòsyon nan Lajan Sipò yo bay Moun k ap resevwa Asistans ak Peman Sipò Anplis – Asistans Tanporè ».**)

Menm lè dosye Asistans Tanporè w la fèmen, pafwa depatman sèvi sosyal nan zòn ou an ap gen dwa pou l pran ansyen lajan sipò yo te dwe depi lontan yo (**aryere yo**). Sa vle di tou depatman sèvis sosyal la nan zòn ou an ap pran aksyon legal pou li kolekte lajan sa a.

Antanke moun k ap aplike oswa resevwa **Asistans Tanporè**, ou dwe kolabore ak Divizyon ki Fè Obsève Lòd pou Sipò pou Timoun ki nan depatman sèvis sosyal nan zòn ou an, **amwenske** w gen yon bon rezon pou w pa fè sa. Si w panse w gen yon bon rezon pou w pa kolabore (« **rezon valab pou revandikasyon** »), ou dwe fè depatman sèvis sosyal la konn sa.

Depatman sèvis sosyal nan zòn ou a ap aksepte « **rezon valab pou revandikasyon** » an si:

- Kolaborasyon ou ak Divizyon ki Fè Obsève Lòd pou Sipò pou Timoun ka bay oumenm oswa pitit ou yo pwoblèm fizik oswa emosyonèl;
- Pitit ou a se rezulta yon gwosèς ki rive ou paske ou te gen relasyon seksyèl ak yon moun fanmi w oswa paske yo te vyole w;
- W ap travay ak yon ajans adopsyon otorize pou yo ka adopte pitit ou a.

Y ap mande pou w bay plis enfòmasyon ak/oswa papye w kapab sou ansyen mari oswa madanm ou, oswa sou manman oswa papa pitit la, tankou nimewo sekirite sosyal manman an oswa papa a, dat fèt, adrè, non ak adrè konpayi kote moun nan ap travay la, ak nenpòt enfòmasyon tribunal genyen sou patènité oswa aksyon legal pou sipò pou timoun nan. Y ap sèvi ak enfòmasyon sa a pou:

- Etabli patènité chak pitit ki fèt san ou pa marye;
- Jwenn lajan sipò pou timoun nan men paran chak timoun, ki pa anchaj timoun nan, jiskaske timoun nan gen 21 an;
- Fè aranjman pou peman pou sipò a al jwenn Divizyon Koleksyon Sipò nan depatman sèvis sosyal nan zòn ou an.

W ap oblige parèt nan biwo sipò pou timoun nan pou w bay enfòmasyon oswa prezante papye, si li nesesè, epi nan nenpòt ki pwosedi k ap fèt nan tribunal. Si w panse ke konfòmîte a nenpòt nan egzijans sa yo ka mete oumenm oswa pitit ou andanje poutèt vyolans domestik, ou ka kalifye pou yon egzanpsyon tanporè pou egzijans sa a. Pou w gen yon egzanpsyon, se pou w ranpli Fòm Evalyason Vyolans Domestik la (Domestic Violence Screening Form) oswa avize travayè sosyal ou ke w vle wè yon lyezon vyolans domestik pou yon evalyasyon.

San yon « rezon valab », si w pa kolabore ak Divizyon Ranfòsman Sipò pou Timoun lan, y ap retire 25% sou Asistans Tanporè a chak lè w dezobeyi, epi yo ka bay yon lòt moun Asistans Tanporè a pou pitit ou ti, yo rele sa a « **moun ki gen peman ki pwoteje** ».

Si w pa dakò ak okenn nan desizyon depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pran konsènan « rezon valab » ou a, ou ka mande pou yon Konferans ak yon Odyans san Patipri (**Gade nan « Dwa w Genyen yo », Seksyon 5 « Konferans ak Odyans san Patipri ».**)

KOWOPERASYON SIPÒ POU TIMOUN – PA YON KONDISYON POU ASISTANS SWEN POU TIMOUN POU MOUN KI PA TOUCHE GWO REVNI

Yo pa egzije pou aplike pou sipò pou timoun defason pou w sa resevwa asistans swen pou timoun. Sepandan, etabli patènité epi mete responsabilite sipò pou timoun yo sou paran ki gen resous finansyè yo pèmèt ou atenn endependans familyal ak sekirite finansyè. Sipò pou timoun se yon sous entegral de revni pou kay ki gen paran selibatè yo e k ap viv nan Leta Nouyòk.

Apade lajan paran ki gen gad legal yo touche, sipò pou timoun se pi gwo dezyèm sous revni pou fanmi ki pa touche anpil lajan yo. Li enpòtan pou w jwenn sipò pou timoun ak benefis asirans sante pou pitit ou ki soti nan men paran ki absan an pou byennèt fanmi w.

Chak distrik sèvis sosyal lokal gen yon Divizyon Ranfòsman Sipò pou Timoun (Child Support Enforcement Unit: CSEU) ki pral ede etabli patènité pitit ou. CSEU pral ede w anrejistre yon petisyon nan tribunal ki okipe zafè fanmi a pou w sa jwenn yon lòd pou sipò ki baze sou direktiv pou sipò pou timoun yo. Sipò pou timoun ka kouvri kèk nan depans pou swen timoun yo. Epitou, CSEU pral asire l ke w resevwa sipò pou timoun ke w gen dwa pou resevwa e li pral ede w tou anrejistre yon petisyon nan tribunal ki okipe zafè fanmi a pou w sa kolekte lajan sipò yo pa peye w la. Lè w mande sa, CSEU pral revwa lòd sipò w la e si w elijib, li pral aplike yon ajisteman nan montan sipò pou timoun w ap resevwa a defason pou l ajiste l ak pri lavi a.

Sèvis sa yo disponib pou w jwenn yo kit paran ki pa gen gad legal la abite nan Leta Nouyòk oswa kit li abite andeyò Leta Nouyòk. Yo pral chaje w yon frè anyèl de \$25 dola lè w resevwa sèvis sipò pou timoun pandan nenpòt ane si w pa janm resevwa Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen e ke sipò pou timoun kolekte omwen \$500 pou ou pandan yon peryòd 12 mwa apatide 1ye oktòb chak ane.

REKÒMANDASYON AK KOLEKSYON POU SIPÒ POU TIMOUN – SWEN NOURIS

Si w plase pitit ou volontèman nan swen nouris, oswa yo retire pitit ou e yo mete l nan swen nouris e se ou ki paran byolojik timoun lan, bo-paran l oswa paran adoptif li, ou fèt pou kolabore avèk distrik sèvis sosyal nan zòn ou an defason pou distrik la ka detèmine si gen yon sikontans ki egziste ki ta anpeche yo refere w ba w divisyon ranfòsman sipò pou timoun lan ki nan distrik sèvis sosyal nan zòn ou an. Si pa gen yon sikontans konsa ki egziste, ou fèt pou w kolabore nan bay enfòmasyon yo mande a, ansanm avèk enfòmasyon asirans tyès pati, e se pou w bay nenpòt dokimantasyon nesesè e w gen yon obligasyon legal pou kontribye nan depans swen nouris pou pitit ou a.

Men sikontans oswa kondisyon ki anpeche yon rekòmandasyon ba sipò pou timoun:

- (1) Lè otorite sèvis sosyal apwopriye a detèmine ke rekòmandasyon sa a pral gen yon enpak negatif sou sante, sekirite, oswa byennèt timoun pouki y ap fè peman yo oswa lòt moun ki nan kay ak timoun lan oswa li pral gen yon enpak negatif sou kantite tan y ap plase timoun lan oswa li pral afekte kapasite timoun lan pou l retounen lakay li lè l soti nan swen nouris; oswa
- (2) lè otorite sèvis sosyal apwopriye a aksepte manman an oswa papa timoun lan abandone l poutèt li pa fèt andedan yon maryaj, yo pa dwe rekòmande pou paran k ap abandone timoun lan ale nan divizyon ranfòsman sipò pou timoun ki nan distrik sèvis sosyal la; oswa
- (3) nan ka kote gen yon mari oswa madanm ki pa adopte timoun lan, lè mari oswa madanm ki adopte timoun lan ap viv separeman e lwen de yon mari oswa madanm k ap adopte timoun lan, dapre yon akò ekri sou separasyon oswa lè yon mari oswa madanm ki pa adopte timoun lan t ap viv separeman e lwen de yon mari oswa madanm ki adopte timoun lan pandan omwen twazan anvan pwosesis adopsyon an te kòmanse pou mari oswa madanm ki adopte timoun lan.

KOLABORASYON POU SIPÒ POU TIMOUN – ASISTANS MEDIKAL

Lè w vle resevwa Asistans Medikal pou tèt ou e w ap aplike tou pou pitit ou ki poko gen 21 an, e ke lòt paran timoun nan pap viv avèk timoun lan oswa pap ede avèk bòdwo medikal timoun nan, se pou kolabore avèk Divizyon Ranfòsman Sipò pou Timoun nan ki nan depatman sèvis sosyal nan zòn ou an. Kondisyon sa a pa obligatwa si w ansent, oswa gen yon delè de (2) mwa apre mwa gwozès ou a te fini an oswa w ap aplike sèlman pou timoun lan. Ou oblige kolabore ak Divizyon ki Fè Obsève Lòd pou Sipò pou Timoun nan pou eseye fè paran ki pa anchaj la ede peye bòdwo medikal timoun nan, epi, si pitit la fè san ou pa marye, pou yo ka etabli patènité.

Ou gen dwa mande sipò medikal sèlman. Ou pa oblige chèche sipò nan men yon paran ki pa anchaj yon timoun ni ou pa oblige pase dwa ou genyen pou jwenn sipò nan men yon paran ki pa anchaj yon timoun bay depatman sèvis sosyal la. Si w ap aplike pou Asistans Medikal pou timoun ou an, kalifikasyon pitit ou a pap afekte si w pa kolabore pou etabli patènité.

Ou dwe bay depatman sèvis sosyal nan zòn ou an dwa w genyen pou kolekte lajan pou bòdwo medikal oswa asirans lasante. Ou dwe kolabore ak depatman an pou jwenn asirans lasante ak lajan pou bòdwo medikal nan men moun ki legalman responsab pou oumenm ak pitit ou yo.

Antanke yon moun ki aplike oswa resevwa Asistans Medikal, ou dwe kolabore ak Divizyon ki Fè Obsève Lòd pou Sipò pou Timoun nan **amwenske** ou gen yon bon rezon pou pa fè sa. Si w gen yon bon rezon pou w pa kolabore (**« rezon valab pou revandikasyon »**) ou dwe fè depatman sèvis sosyal nan zòn ou an konn sa. Depatman sèvis sosyal nan zòn ou an ap aksepte **« rezon valab pou revandikasyon »** an si:

- Kolaborasyon ou ak Divizyon Ranfòsman Sipò pou Timoun ka bay oumenm oswa pitit ou yo pwoblèm fizik oswa emosyonè;
- Pitit ou a se rezulta yon gwozès ki rive ou paske ou te gen relasyon seksyèl ak yon moun fanmi w oswa paske yo te vyole w; oswa
- W ap travay ak yon ajans adopsyon otorize pou yo ka adopte pitit ou a.

Y ap mande pou w bay plis enfòmasyon ak/oswa papye w kapab sou manman oswa papa pitit la ki pa gen responsabilite legal, tankou nimewo sekirite sosyal manman an oswa papa a, dat fèt, adrès, non ak adrès konpayi kote moun nan ap travay la, ak nenpòt enfòmasyon tribunal genyen sou patènité oswa aksyon legal pou sipò pou timoun nan.

Y ap sèvi ak enfòmasyon sa a pou:

- Etabli patènité chak pitit ki fèt san ou pa marye e pouki w ap aplike oswa w ap resevwa Asistans Tanporè, lè timoun lan gen omwen de (2) mwa; oswa
- Jwenn lajan sipò pou timoun nan men paran chak timoun, ki pa anchaj timoun nan, jiskaske timoun nan gen 21 an.

W ap oblige parèt nan biwo sipò pou timoun nan pou w bay enfòmasyon oswa prezante papye, si li nesesè, epi nan nenpòt ki pwosed k ap fèt nan tribunal.

Si w pa kolabore ak Divizyon Ranfòsman Sipò pou Timoun lan, ou pap ka jwenn Asistans Medikal pou tèt ou, amwenske ou gen yon **« rezon valab »** pou w pa kolabore, oswa ou ansent, oswa sa fèt anvan 2 mwa pase sou mwa gwozès la te fini an.

NON-KONSIDERASYON POU SIPÒ POU TIMOUN – ASISTANS MEDIKAL

Jeneralman, yo pa konte premye \$50.00 nan lajan sipò pou timoun yo kolekte chak mwa a lè depatman sèvis sosyal nan zòn ou a deside si w ka jwenn Asistans Medikal. Lè yo sètifye yon timoun avèg oswa yo sètifye li andikape, yo pa konte yon tyè nan peman sipò timoun lan resevwa nan men paran ki absan an.

SIPÒTE TÈT OU

Ou dwe kolabore lè w ap chèche sipò medikal nan men yo mari oswa yon madanm ki pa la oswa, si li aplike, nan men yon ansyen madanm oswa ansyen mari. Ou dwe di nou si yon mari oswa madanm oswa yon ansyen mari oswa ansyen madanm, gen obligasyon oswa ka gen obligasyon pou peye bòdwo medikal ou yo oswa ba w asirans maladi. Se pou w fè sa amwenske w ansent, sou de (2) mwa apre mwa ke gwozès ou te fini an, oswa w gen **« rezon valab »** pou w pa kolabore.

Si w pa dakò ak okenn nan desizyon depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pran konsènan « rezon valab » ou a, ou ka mande pou yon Konferans ak yon Odyans san Patipri. (Gade nan « Dwa w Genyen Yo » Seksyon 5 « Konferans ak Odyans san Patipri. »)

12. RESPONSABLITE W GENYEN POU RANPLI KONDISYON EVALYASYON POU DWÒG AK ALKÒL POU ASISTANS TANPORÈ

Tout granmoun ak chèf kay ki aplike oswa ap resevwa Asistans Tanporè dwe ranpli Kesonè sou Evalyasyon pou Alkolis ak Abi Dwòg la okonplè. Lè w fin ranpli kesonè a, ou ka oblige ale jwenn yon Konseye Abi Alkòl ak Dwòg ki gen Kalifyikasyon (CASAC) pou fè yon evalyasyon fòmèl pou detèminen si w gen yon pwoblèm alkòl oswa dwòg. Lè w fin pase evalyasyon an, depatman sèvis

sosyal nan zòn ou an ap detèminen ki tretman ki egzijib, si li nesesè. Si yo detèminen w oblige swiv yon pwogram tretman, ou dwe siyen yon fòm konsantman pou yo ka bay enfòmasyon sou tretman ou lan epi w dwe bay depatman sèvis sosyal nan zòn ou an prèv sou pwogresyon tretman ou lan.

Si w panse ke konfòmite a tretman oswa evalyasyon pou abi alkòl ak dwòg ka mete oumenm oswa pitit ou andanje poutèt vyolans domestik, ou ka kalifye pou yon egzanpsyón tanporè pou egzijans sa a. Pou w gen yon egzanpsyón, se pou w ranpli Fòm Evalyason Vyolans Domestik la (Domestic Violence Screening Form) oswa avize travayè sosyal ou ke w vle wè yon lyezon vyolans domestik pou yon evalyasyon.

Si w pa patisipe nan pwosedij depistaj la oswa evalyasyon an oswa si w pa siyen fòm konsantman pou yo bay enfòmasyon sou tretman ou lan, ou pap kalifye pou Asistans Tanporè epitou y ap redwi lajan Asistans Tanporè pou fanmi w lan. Pwogram Asistans file sekirite a ap bay benefis pou tout lòt moun nan kay la ki kalifye.

Si w pa:

- Patisipe oswa w pa fin fè tretman yo egzije ou pou w fè a;
- Bay dokiman ki pwouve w ap swiv tretman an; oswa
- Ale nan pwogram tretman depatman sèvis sosyal la detèminen ki bon pou ou;

Yo ka pran sanksyon kont oumenm pou w pa resevwa Asistans Tanporè. Anplis, si w kite yon pwogram tretman ki nan yon kay anvan pwogram la fini, ou pap resevwa okenn lajan pou bezwen pèsònèl ou (personal needs allowance: PNA) epi yo anpile pandan ou te nan pwogram pou tretman an.

13. RESPONSABLITE W GENYEN POU RANPLI KONDISYON EVALYASYON POU DWÒG AK ALKÒL POU ASISTANS MEDIKAL

Yo egzije kèk moun ki aplike oswa resevwa Asistans Medikal pou yo respekte egzijans pou tès pou depistaj, evalyasyon ak tretman pou alkòl ak dwòg la. Moun ki fè aplikasyon epi k ap resevwa Asistans Medikal dwe ranpli kondisyon pou abi alkòl ak dwòg yo: yon moun ki gen ant 21 ak 65 an epi ki pa ansent, ki pa avèg, oswa pa enfim; yon mari oswa yon menaj yon famn ansent ki pa gen okenn lòt pitit nan kay la; yon bòpè/bèlmè ki pa gen pitit li nan kay la lè vrè paran ki te fè pitit la nan kay la tou; yon moun ki pa marye oswa koup ki pa gen pitit.

Moun k ap aplike pou oswa k ap resevwa Sante Fanmi Anplis oswa pwogram Benefis Planin Familyal yo pa oblige patisipe nan evalyasyon pou abi alkòl ak dwòg.

14. RESPONSABLITE W GENYEN KONSEÑAN MOUN KI BAY ASISTANS MEDIKAL

Anvan w resevwa swen medikal, ou fèt pou sèten doktè a, famasyen an oswa lòt moun ou vle ki ede w yo, dakò pou yo voye bòdwo a bay Asistans Medikal la. Se pa tout moun ki bay swen medikal ki aksepte bay Asistans Medikal.

Si w bezwen swen medikal apre w fin aplike pou Asistans Medikal men anvan w gen Kat Idantite Benefis Komen an (CBIC), ou fèt pou moun kap bay sèvis la aksepte Asistans Medikal. Si w gen pou peye yon bòdwo, apre w fin aplike pou Asistans Medikal nan anvan yo ba w Kat Idantite Benefis Komen w lan (CBIC), nou ka peye bòdwo a sèlman si nou detèminen ou kalifye pou Asistans Medikal epi moun ki ofri sèvis la aksepte Asistans medikal.

Lè w apwouve pou Asistans Medikal, ou ka pran yon plan asirans pou Swen Kontwole Medicaid (Medicaid Managed Care health plan). Nan sèten konte, ou ka gen pou w patisipe nan yon plan. Depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pral ba w enfòmasyon sou si wi oswa non ou gen pou patisipe nan yon plan epi l ap ba w chwa ki gen nan plan an tou. Si w gen yon doktè ou ta renmen kontinye wè, ou fèt pou chèche konnen si doktè sa nan plan Swen Kontwole Medicaid ou pran an. Lè w rantre na yib plan Swen Kontwole Medicaid, plan an ap ba w yon kat asirans maladi.

Se pou w itilize CBIC pou aksede a Benefis Asistans Medikal ou yo. Menmsi w patisipe nan yon plan sante Swen Kontwole Medicaid, w ap kontinye sèvi ak kat CBIC w la pou kèk sèvis tankou famasi. Li enpòtan pou w itilize CBIC w la defason responsab lè w itilize l pou jwenn swen medikal.

Si w kalifye pou Sante Fanmi Anplis, se pou resevwa tout swen sante w nan men plan swen kontwole w te chwazi a. Si w resevwa yon lòt kat plan sante pou sèvis planin familyal la, w ap gen pou w itilize kat la pou planin familyal sèlman.

Si w sèvi twòp ak Asistans Medikal la, yap mete w nan **Pwogram Restriksyon pou Moun kap Resevwa Swen (Recipient Restriction Program: RRP)**. Pwogram sa a limite moun kap bay Asistans Medikal la ki ba w swen medikal yo, amwenske w gen yon ijans. Moun k ap bay Asistans Medikal se yon moun oswa yon kote ki bay swen. Kèk rezon ki fè ou ka limite nan chwa w fè pou moun kap bay Asistans Medikal yo se:

- Plizyè doktè ap ba w swen pou menm pwoblèm nan.
- W ap resevwa plis swen medikal pase sa w bezwen.
- W ap sèvi ak medikaman yo preskri w, men w ap sèvi avèk yo yon jan ki pa bon pou lasante w.

Si w nan **Pwogram Restriksyon pou Moun kap Resevwa Swen (Recipient Restriction Program)**, ou ka mande pou yo chanje sèl moun kap ba w Asistans Medikal la chak 3 mwa oswa anvan sa si gen yon bon rezon pou sa.

Men kék nan bon rezon yo:

- Oumenm oswa moun ki ba w Asistans Medikal la demenaje, epi li difisil pou ou pou w ale kote moun sa a ye a.
- Moun k ap ba w Asistans Medikal la pa aksepte Asistans Medikal ankò.
- Moun k ap ba w Asistans Medikal la pa vle wè w ankò.

Premye fwa w abize Asistans Medikal la, yap ba w yon sèl moun ki bay Asistans Medikal pou 2 an. Si w abize li ankò, ou pap ka resevwa Asistans Medikal pandan 3 an. Si w abize Asistans Medikal la yon lòt fwa ankò, ou pap ka resevwa li pandan 6 an.

15. RESPONSABLITE W GENYEN POU RESÈTIKASYON

Règleman federal ak règleman Eta a egzije pou yo revize ka w la ankò pou yo wè si w ap resevwa tout èd ou ta dwe resevwa yo. Revizyon sa a rele Resètiifikasiyon oswa Renouvèlman.

Y ap mande anpil nan menm kesyon yo pou detèminen si sikontans ou yo chanje. Si w gen nenpòt kesyon oswa w gen pwoblèm pou ranpli nenpòt ki pati nan fòm nan, mande pou yo ede w.

Si w rate yon entèvyou ki egzijib san w pa di travayè sosyal la poukisa, yo ka fèmen ka w la. Kidonk, se pou w asire ke fè travayè sosyal ou a konnen rezon an. Si w gen yon rezon valab, yo pap fèmen dosye w la. Yon ekzanp yon bon rezon ta ka paske w te malad jou entèvyou w lan. Ou dwe ranpli tout egzijans resètiifikasiyon an pou w ka kontinye resevwa èd. Youn nan egzijans sa yo se si yo mande w pou w bay kék papye ak prèv, ou fèt pou ba yo anvan 10 jou pase, sinon yo ka redwi benefis ou yo oswa yo ka menm sispann yo.

Yo pap mande w pou konplete yon antrevi pèsonèl pou renouvel Asistans Medikal oswa Asistans Swen pou Timoun ou an. Moun k ap resevwa Asistans Medikal sèlman oswa Asistans Swen pou Timoun sèlman pral resevwa yon pakè renouvèlman pa lapòs e I ap gen enstriksyon pou ranpli e pou w retounen fòm renouvèlman an nan depatman sèvis sosyal nan zòn ou an. Si w ap resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje ak Asistans Medikal oswa Benefis Koupon pou Achte Manje ak Asistans Swen pou Timoun, antrevi pou Koupon pou Achte Manje w la ka sèvi tou pou renouvèlman Medicaid ou a oswa pou Renouvèlman Asistans Swen pou Timoun ou an.

16. RESPONSABLITE PARAN KI POKO GEN 18 AN EPI KI APIKE OSWA K AP RESEVWA ASISTANS TANPORÈ

Si w poko gen 18 an epi w se yon paran ki pa marye epi k ap pran swen yon timoun, epi w pa gen okenn timoun ki poko gen 12 semèn, ou dwe ap etidyé pou w gen yon diplòm lekòl segondè oswa ekivalan li (si w pa fini lekòl segondè), oswa w ap patisipe nan yon pwogram edikasyon altènatif travayè sosyal la apwouve.

Si w panse ke konfòmite a egzijans edikatif minim sa yo ka mete oumenm oswa pitit ou andanje poutèt vyolans domestik, ou ka kalifye pou yon egzanpsyon tanporè pou egzijans sa a. Pou w gen yon egzanpsyon, se pou w ranpli Fòm Evalyason Vyolans Domestik la (Domestic Violence Screening Form) oswa avize travayè sosyal ou ke w vle wè yon lyezon vyolans domestik pou yon evalyasyon.

Si w ansent e w poko gen 18 an daj oswa ou se yon paran ki poko gen 18 an e w pa marye, se pou w abite avèk yon paran, yon gadyen legal oswa yon lòt manm fanmi w. Si travayè sosyal ou a detèmine li pa posib oswa li pa nan meyè enterè pitit ou, depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pral deside si aranjman aktyèl pou lojman w yo apwopriye. Si li pa bon, depatman sèvis sosyal nan zòn ou an pral ede w jwenn yon kote ki bon pou w rete.

Lwa sa yo pa aplike pou Asistans Medikal.

17. RESPONSABLITE W GENYEN KONSENAN LOJMAN TANPORÈ SI W SANZABRI

Si w bezwen Asistans Lojman Tanporè paske w se yon sanzabri, li enpòtan pou w li enfòmasyon sa a!

Ou ka pa jwenn Asistans Tanporè si w pa swiv kék règleman enpòtan.

Pafwa, si w pèdi Asistans Tanporè pou Lojman paske w pa swiv règleman yo, ou ka jwenn èd touswit ankò si w swiv règleman yo.

Gen lòt lè, si w pèdi Asistans Lojman Tanporè a ou ka pa jwenn Asistans Lojman Tanporè ankò pou yon peryòd tan byen presi menmsi w dakò pou swiv règleman yo. Kantite tan ou ka pèdi kalifikasyon pou Asistans Tanporè pou Lojman an ap depann de règleman ou pa respekte yo.

Men kék nan règleman w ap oblige swiv pou w pa pèdi èd Asistans Tanporè pou Lojman ki ekri anba la a:

- Ou dwe ede depatman sèvis sosyal nan zòn ou an chèche konne si w kalifye pou asistans pou lojman nan kadijans.
- Yo ka egzije w rankontre ak anplwaye sèvis sosyal nan zòn ou an oswa yon moun sèvis sosyal nan zòn ou an chwazi pou ede w devlope yon Plan pou Viv Endepandan pou ou. Si yo devlope yon Plan pou Viv Endepandan pou ou, y ap ba w yon kopi plan an. Plan pou Viv Endepandan an ap pale w de règleman ou dwe swiv yo.
- Ou dwe chache yon lojman pèmanan seryezman epi w pa dwe refize lojman pèmanan anplwaye depatman sèvis sosyal nan zòn ou an ofri w san rezon.
- Ou dwe konpòte w yon fason ki pa anpeche Bilding Lojman Tanporè kote w rete a fonksyonnen nan lòd. Ou pa dwe komèt zak, ki mete lasante oswa sekirite okenn moun nan danje.

Li enpòtan pou w konnen si w pa respekte règleman yo, oumenm ak fanmi w ka pèdi kalifikasyon ou pou Asistans Tanporè pou Lojman pou yon bout tan!

W ap oblige konfòme w ak tout lòt egzijans sou kalifikasyon pou resevwa Asistans Tanporè, tankou konfòme w a egzijans travay. Si w pa konfòme w ak lòt egzijans sa yo pou Asistans Tanporè, e w pa gen rezon valab pou aksyon sa a, yo ka pran sanksyon kont ou, oswa w ka pèdi kalifikasyon w pou Asistans Tanporè, toudepan de ki egzijans ou pa respekte. Si w pèdi kalifikasyon pou sibvansyon Asistans Tanporè, sa pral fè ke ni oumenm ni fanmi w nou pap kalifye pou asistans Lojman Tanporè. Lè yo pran sanksyon kont ou, ki vle di yo pral diminye sou sibvansyon w lan, sa ka lakoz tou ke w pèdi Lojman Tanporè si pa gen ase lajan nan sibvansyon w lan pou peye pou Lojman Tanporè.

18. RESPONSABLITE W GENYEN POU APIKLE POU REVNI ANPLIS POU SEKIRITE (SSI)

Si w gen yon pwoblèm medikal ki anpeche w travay, yo **ka** egzije w aplike pou Revni Anplis pou Sekirite (SSI).

Si w gen yon kondisyon medikal fizik oswa mantal oswa kondisyon ki tèlman grav li anpeche w travay, se pou rapòte enfòmasyon sa a bay travayè sosyal ou a. Si travayè sosyal ou a dakò ke kondisyon medikal ou a ka anpeche w travay, travayè sosyal ou pral **egzije** pou w aplike pou SSI nan Administrasyon Sekirite Sosyal.

Sa vle di:

- Se pou w aplike pou SSI.
- Se pou w kolabore avèk tout kondisyon pou SSI yo.
- Ou pa ka retire yon aplikasyon pou SSI k ap tann repons pandan w ap resevwa Asistans Tanporè,
- Si yo pa apwouve aplikasyon pou SSI w la, ou dwe pote refi sa a nan apèl, amwenske travayè sosyal la di w pa fè aplikasyon pou apèl la.

Si w pa ranpli kondisyon sa yo, ou pap kalifye pou Asistans Tanporè.